ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МА ЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№123 (21.031) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «к» пунктым тету икІи «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьыгъэхэм ехьэлІа я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кІыхьэшІуагъэ зиІэ цІыхыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 22, 23 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 5 статьям ящкІ ИткІэ, **унафэ соІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм унафэ кІыщащтэкІэ Іэ ялэтыну хуиту хэгъэхьэн:

Іэпщэ Индрис Къурэ и къуэр
Атмурзаевэ Иринэ Ахьмэт и пхьур
Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр
Нало Николай Залым и къуэр
Тап Руслан Валерий и къуэр
Тупикин Андрей Николай и къуэр
Фриев Рэмэзан Мухьтар и къуэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м
№45-УП

Урысейм и ЩІалэгъуалэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен цІыхухэм

зэрызахуигъазэ

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Нобэ ди къэралым щагъэлъапІэ ЩІалэгъуалэм и махуэр. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ сащІыгъуу я гуфІэгъуэмкІэ си гуапэу сынывохьухэсу.

ЩІалэгъуалэр жылагъуэм и Іыхьэ нэхъ жыдэжру, нэхъ жэрдэм зыхэлъу сыт щыгъуи къокІуэкІ. Ди Хэкум - Урысей Федерацэм - тхьдэ мыхьэнэ зиІэ зыужьныгъэм щыхунэнэтІа иджырей лъэхъэнэм ар демократиемрэ социальнэ зыужьныгъэмрэ я гъэгум тету екъуІэныгъэкІэ япэкІэ зэрыкІуэтэнур куэдкІэ елытащ фи дуней еплыкІэмрэ лэжьыгъэм фызэретамрэ.

Зэманым гугъуехь куэд кьыдэкІуами, зэрыщыту къэралри, абы щыгъуэ Къэбэрдей-Балькъэрри, тегушхуауэ икІи нэхъ щэщІауэ япэкІэ мэкІуатэ. Абы и фІыщІэкІэ зэман благъэм кярыубыдэу нэсу лэжьыгъэм къешІэЛа хьунущ зэчий, щІэныгъэ, Іэпщ1элъапщ1агъэ, жэрдэм зыхэлъ ныбжьыщІэ псори. Абы кьыхэкІыу иджырей щІэныгъэхэр куууэ, лъэныкъуэ псори кьыззэщІыбыдэу вджы, фи Іэщ1агъэм зевгъэужь. Нэхъыщхьэр арагъэ, фищалъхуэ Къэбэрдей-Балькъэрыр, ди Хэку иныр фІыуэ фІьагъу.

Дэ ди щІалэгъуалэм зэфІэкІ зэраІэр ди фІэщ мэхъу, апхуэдэу щыщІткІэ, ди Хэкум и къэкІуэнур зэрыдахэм щэч кьытетхэкъырым.

Нобэ сэ, ныбжьэгъу лъапІэхэ, сынывохьуэхьу узынщагъэ былэ, псэуКІэ зэІуэзэпэщ фиІэну, фи мурад псори кьывэхьуЛэну.

Къэкіуэнур зейхэр

УФ-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ, щІалэгъуалэ зэгухэлъанІэхэм я лъэпкъ советымкІэ и комитетым Урысей Федерацэм и Президентым зэрыкъыхуитлъэзам ипкъ иткІэ, 1993 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къэрал унафэщІым Іэ щІидзауэ щытащ щІалэгъуалэм и махуэ гъэувыным теухуа унафэм.

Абы лъандэрэ мэкъуауэгъуэм и 27-м ди къэралым и щІыпІэ псоми ЩІалэгъуалэм и махуэр щагъэлъапІэ.

А махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ щІалэгъуалэми нэхъыжьхэми я дежкІэ - ныбжьыщІэхэм гулъытэ хэха эзрагъэуэтыр зыхегъэщІэныжкІэ, гъащІэм кьыщекІуэкІ хабзэхэр зыхегъэлъхьэныжкІэ, гъэзэгу захуэм хуэунэтІыныжкІэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, нужьрей зэманым къэралми республикэми зи щІалэгъуэхэр егъэдзэным, псэуплэкІэ, лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ куэд щІызэфІагъэкІ. Уеблэмэ щІэблэр къэрал политикэм кьыхэщІэныж, жэрдэм яхалъу кьэгъэтэджыным хуэунэтІа Іуэхуэхэр кьрахьэжьэ. Абыхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хуэунущ зэхашэ щІалэгъуалэ палатахэр. ГъащІэм лъэ быдзкІэ хыхьэныым щІалэгъуалэр хуэущиныжкІэ абы кьалэныщхуэ игъэзащІэну щогугъ къэрал унафэщІэхэр.

Ди республикэми куэд щызэфІагъэкІ щІалэгъуалэ политикэм фы кьэрикІуэн папщІэ. Мыгувэу лэжьэн щІэзыдзэну ЩІалэгъуалэ палатэм абыкІэ куэд хуэзфІэкІыжьыну. Идыкьыпту къэрал Іуэхущ1апІэхэм гулъытэнщхуэ хуащІ ныбжьыщІэхэр лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным, абыхэм кьыхьалъхьэ жэрдэмхэр ядаІыгъныным, я Іуэху еплъыкІэхэр кьэлъытауэ, я гъащІэр убзыхуным теухуауэ. УнафэщІэхэр кьаэрегугъур езыхэми зыхащІащ икІи абы игъэгушхуа ныбжьыщІэхэр гъащІэм жыджэру хэтщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Махуэшхуэм

● ЗэІущІэхэр

зэрызыхуэзьэхьэзырыр

Нарышкин Сергей арэзы уэлъэкъуэ хьунущ Къэлмыкъым

Ди газетелжэхэр щыгъуазэ фызэрытщІащи, вэсэмахуэ льандзрэ ди республикэм щыІущ УФ-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІ, УФ-м и Правит елъствэм и УнафэщІым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыкьыхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным пыщІа Іуэхуэхэр зи пщэ дэль федеральнэ кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и Іэтащхьэ Нарышкин Сергейрэ абы щыІгъу гупымрэ. Федеральнэ, республикэ кьызэгъэпэщакІуэ комитетхэм я етІуанэ зэІущІэр дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.

ХЬЭЩІЭМ кьызэхуэсахэр кІэщІу щигъэгъуэзащ кьызыгеткІуха Іуэхуэхэм. Апхуэдэщ, псальэм и кьэтыркІэ, махуэщхуэм ирихьэлІэу ухуэн яухьи хуейхэмкІэ лэжьыгъэ здынэсар зэрызригъэщІэнур, Налшык щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей Республикэхэм я щэнхабзэхэм я махуэхэу Москва щыІэнымрэ зэрызыхуагъэхьэзырым зэрызыщигъэгъуэзэнур. Апхуэдэуи Нарышкиным кьигъэлъагъуауэ махуэшхуэм ирихьэлІэу зэфІэкІахьи хуей Іу жуэхэм папщІэ Урысей Федерацэм и республикэм кьыхуиутІыпща мылькур.

- Федеральнэ бюджетым кьыхэкІыну Къэбэрдей-Балькъэрым ахьшэ мымащІэ хуэтхащ, - жиІащ Нарышкиным, - Республикэр кьыззэрыдгъэгугъа мелуан 433-м щыщу 297-р къэдутІыпщащ, кьэнэжа бжьыгъэри, шэчыншэу, зэман благъэм кьыфІэрыдгъэхьэнущ. Абы кьыдэкІуэу республикэ бюджетым кьыхэкІыну мелуан 62-м щитщу. Псори зыхуэунэтІар мазхуэшхуэр гуимыхуэж хьунырщи, кьыдэхьулІэну си гуапэщ.

Къаныкуэр Арсен хьэщІэхэмэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лІыкІу зи, районадминистрацэхэм я Іэтащхьэу зэІущІэм кьрихьэлІахэм фІэхьус яриха иужь, кьызэхуэсахэр кІэщІу щыгъуазэ ищІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ Зэ. Абы и псальэхэм щыхьэт текІуэу Москва кьикІа къуькІыкІущІэхэм ирагъэлъагъуащ махуэшхуэм ирихьэлІэу я ягъэхьэзыра документальнэ фильмыр, ди республикэм и кьекІуэкІыкІамрэ и нобэрей псэуКІэмрэ зи льабжьэр.

Адэкіэ Президентым зэІущІэм кьрихьэлІахэм я пащхьэ кьрихьащ «ИгъащІэкІэ Урысейм дригъусэу» кьыхуеджэныгъэм щІэту Налшыкі Москваи щекІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм я программэхэр. Апхуэдэуи Къанокъуэр кьытеувыІащ Налшык щекІуэкІ ухуэныгъэу мэкъуауэгъуэм и 25-м Нарышкиным ильэгъуэхэм нэмыщІ, районхэм иджыри объект зыбжанэ зэрыщагъэхьэзырым. Апхуэдэхэщ, псальэм и кьэтыркІэ, Хьэсэчей, Кэнжэ, Куба кьуажэхэм Щэнхабзэмкіэ унэхэр зэрыщащуэхэр, Балкарие Ипщэм, Къэрэгъэщ, Дыгулыбгъуей, Ислъэмей кьуажэхэм дащІыхь сабий гъэсапІэхэр, еджапІэхэр.

КьызэгъэпэщакІуэ комитетхэм хэтхэр я гупсысэхэмкІэ щызэхьэжа, кьаІощІыт Іуэхугъуэхэм зэрехьулІэр кьыщаІуэта, адэкІэ кьапэщІыт кьалэнхэр щаубзыхуэ зэІущІэр иуха иужь, Къанокъуэ Арсенрэ Нарышкин Сергейрэ журналистхэм яІущІэри абыхэм я упщІэхэм жэуап иратащ. Махуэшхуэр зэрратхьэлъэпІэнру щыкІэм, абы иращІэкІыну Іуэхугъуэхэм ди республикэр зэрызыгъэхьэзырым, Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрырыхьа тхыдэ Іуэхум хуаІэ епІыкІэм, хьэщІэм ди республикэр кьыззэрыщыхьуам, КЪР-м и зыужьныгъэм ехьэлІауэ ди щІынальэм и Президентым и мурадхэм, зэгъэущІ куэдми щІэупщІат журналистхэри, псоми жэуап нэгъэсэ яІэуэтащ.

- Фи щІыналъэр нэхъри зэІуэпэщІ мэхъу, махуэшхуэ уэм зэрызыхуагъэхьэзырым кьыдэкІу эу, сэ щыгъ уаэз сызэрыхьу амкІэ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ кІуэри щокІуэкІри, абыхэм уи фІэщ ящІ Къэбэрдей-Балькъэрым кьэкІыну дахэ зэрриІэр, - жиІащ Нарышкиным.

ИСТЕПАН Залинэ.

ЛъэпкъпыгъэщхьэхуКІар зэманым лъэщІыхьэнукъым

● "СтІол хъурей"

Къэрал Думэм и жэрдэмкІэ Краснодар къалэм щекІуэкІа «СтІол хъурейм» «Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм яку дэль зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуным хуэунэтІауэ къэралыр бизнесым, льэпкъ-пащхьэ зэгухэныгъэхэм зэрадзэкІэжьи я Іуэхукіэ» кьыщыцІэлъащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗэІущІэм кьыщаІэтащ Урысей Федерацэм и къэралыгъуэр нэхьри гъэбыдэныжкІэ урысыбзэм ия щІынэр. Урысейм ис льэпкъхэр зэрызэдзакъэр, абыхэм я щэнхабзэм зэрыщыжьыр егъэфІэкІуным пыщІа Іуэхуэхэр. Нобэ гъэкІэщІауэ тылодэз «стІол хъурейм» Бечелов Ильяс кьыщыцІэлъар.

ЛЪЭПКЪХЭМ яку дэль мамыр зэдэлэжьэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ ди щІынальэм щыІэ гугъуехь зэмылІуэжьыгъуэхэр кьызэгъэкІынымкІэ хэкІыпІэр. Ауэ а мурадыр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ Іэмалхэр куэд мэхъу. Псом япэу къэрал властым и органхэмрэ жылагъуэмрэ быдэу зэпыщІауэ елэжьын хуейщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбдэдыным хуэунэтІа политикэр зэрегъэуэвэнымрэ ар пхыгъэкІынымрэ.

Апхуэдэу егупсысауэ икІи хэсакъыщ лъэпкъ политикэр зэрырагъэкІуэкІым и фІыщІэщ Къэбэрдей-Балькъэрым льэпкъ зэгурыІуэныгъэр зэпІэзэрытыныгъэр зэрыщыІэр. Абы кьыдэкІуэу дэ щІэгъэкъуэн кьыдоцІ ди льэпкъхэр я хьэлкІэ, щэнхабзэкІэ зэгъэунэгъуу, я псэуКІэр зэщхьу, езыхэр мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ хущІэкъуэу кьызэрызэдекІуэкІыр. ИкІи сыт хуэдэ гугъуехьхэр кьыкъуэмыкІами, ди дежь хьума щыхьащ адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я хьэл-щэн нэхьыфІхэр, абыхэм я зэпыщІныгъэ дахэхэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Газетым гуэдзэн иІэпщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Іуэхугъуэ тІощІым щІигъуэ щыхэпльащ. Депутатхэм ящІыгъуу лъжьащ Президентымрэ Правительствэмрэ я щІыкІуэгъ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым щыІэ Къуэныкокъуэ Залым. Республикэм и Правительствэм хуэаха сыхьэтым хиубыдэу депутатхэр елэІуащ республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІа зэрыкъуэм теухуауэ Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу ДышэкІ Мадинэрэ Чеченов Ануарр? кьацэсэлъахэм, ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Бечелов Ильяс депутатхэм ягу кьигъэкІыжащ ди щІыкІ мелуанэр зыхэкІуэда икІи Совет Союзыр текІуэныгъэ ин кьихьауэ кьызыхэкІа Хэку зэуэшхуэр 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къэхьеяуэ зэрыщытар. ХэкІуэдахэм яхуэщыгъуэри, парламентархэм зэІущІэм кьыщаІэта Іуэхуэхэм хэплъэн щІадзащ. РегламентымкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэлъым едаІуэри, абыхэм унафэ кащтащ КЪР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м зэхуагъэсыну.

«УФ-м и Бюджет кодексым зэхуэхьІныныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэхІыу КЪР-м и язныныкъуэ закон актхэм зэхьуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным, закон акт щхьэхуэхэм (закон актхэм я гуэдзэнхэм) кьару ямыІэжу кьэлъытыным Іуэхугъэр», - Мэзэмэ ехьэлІа Іуэхугъэр зэІуб щІыным и Іуэхукіэ» законопроектхэр зэІущІэм кьыщыхалъхьащ Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ комитетым и унафэщІ **Ахьуэчку Кьащцобийрэ** Аграрнэ политикэмкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныжкІэ комитетым и унафэщІ **Несутулов Викторрэ.** А документитІри депутатхэм яратащ ирагъэлжьыну.

УФ-м и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкІыным теухуауэ кьаІэта жэрдэму пщІым щІигъэм хэплъэри, Президиумым хэтхэм абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

Депутатхэм даІыгащ «Потребительскэ, мэкъумэш кооперацэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщегъэужьыным пыщІа Іуэгъуэхьхэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ «стІол хъурей» мы гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м (сыхьэт 14-м щІидзэу) егъэкІуэкІыным теухуауэ Несутулов Виктор кьыхильхьар. А махуэ дыдэм сыхьэти 10-м щІидзэнурэ екІуэкІынущ «2006 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ» КЪР-м и Законыр гъэзэщІа зэрыхьуам и Іуэхукіэ» едІуэныгъэр.

КъаГъэхьа материалхэм щыгъуазэ защІа икІи Махуэ Владимир кьипсэлъахэм едэІуа нэужь, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ УФ-м Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и университет Краснодар дэтым и Іуэхущ1апІэу Налшык щыІэм и лэжьакІуэхэм: отделенэхэм я унафэщІхэу, милицием и майорхэу Боевэ Татьянэ, Гуо Раметтэ, библиотекэм и унафэщІ Дышэкі Викторие, библиотекэ-хэхам и унафэщІ Жучковэ Аринэ, егъэджакІуэ нэхьыжь Рекиян Любовь, отделенэм и унафэщІ, милицием и подполковник Хьэкъун Аслъан сымэ КЪР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъар етыным теухуауэ.

ЗаконодательствэмкІэ комитетым (унафэщІр Абазэ Руслан) и пщэ иралъхьащ КЪР-м и Прохладнэ районым и суд участкэ №1-м зэзыгъэкІуэж и судыщІэу ягъэувын папщІэ кьагъэлъагъуа Кривко Михаил и кандидатурэм теухуа я Іуэху епІыкІэр игъэхьэзыру КЪР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм щыхэпльэн папщІэ кьыхилъхьэну.

Парламентым и спикер Бечелов Ильяс кьыхилъхьащ «Правовой актхэм я Іуэхукіэ» КЪР-м и Законым зэхьуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр комитетхэм хуагъэхьыну. Мыбы халъхьа зэхуэхьэкІныныгъэхэр теухуащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым официальнэ документхэр кьызытрадзэ и кьыдэкІыгъэхэр гуэдзэн щхьэхуэу кьызэгъэпэщыным.

ЗаконодательствэмкІэ, къэрал уиуэныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправлением и Іуэхухэмкіэ, Лъжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым я пщэ иралъхьащ «КЪР-м и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукіэ», «КЪР-м и къэрал къулыкъым тета щыкъухэмрэ КЪР-м и къэрал Іэнатэм ящхьэ къулыкъхэр щызыІыгъаХэмрэ къэрал пенсэкІэ кьызэрызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ» КЪР-м и законхэм зэхьуэхІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектыр зэпкьрахыну.

Зытепсэлъыхьхьи хуейхэм хэгъэхьапхэу кьалытащ агропромышленнэ комплексым мы зэманым щыщІэ щытыкІэмрэ мэкъумэш продукцэ кьызыдалъхьэм кьэралыр дэІепыкъуным хуэунэтІа Іуэхуэхэр зэхэлъхьэныжкІэ зэхуэхьэныжкІэ кьэралыр дэІепыкъуным хуэунэтІа Іуэхуэхэр зэхэлъхьэныжкІэ зэхуэхуэу Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныжкІэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор кьыхилъхьа парламент упщІэр.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэнщІэр республикэм и пощт Іуэхущ1апІэхэм мэкъуауэгъуэм и 28-м яух.

Апхуэдэу гу лъыдэгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуами. Ящ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «к» пунктым тету икІи «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьыгъэхэм ехьэлІа я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кІыхьэшІуагъэ зиІэ цІыхыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 22, 23 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 5 статьям ящкІ ИткІэ, **унафэ соІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм унафэ кІыщащтэкІэ Іэ ялэтыну хуиту хэгъэхьэн:

Іэпщэ Индрис Къурэ и къуэр
Атмурзаевэ Иринэ Ахьмэт и пхьур
Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр
Нало Николай Залым и къуэр
Тап Руслан Валерий и къуэр
Тупикин Андрей Николай и къуэр
Фриев Рэмэзан Мухьтар и къуэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м
№45-УП

Щхьэхуэ-щхьэхуэ

Адыгэхэм я деж щохьэщІэ

АДЫГЕЙ. ***Норданым и премьер-министр Бахит Маруф ящыІыгъагъэ щыхьэщІащ Амман дэт «Алхи» адыгэ зэгухьэныгъэм. ЗэІущІэм кьрихьэлІащ къэралым щыІэ Адыгэ хасащхьэм, нэгъуэщІ къэралхэм, жыІэхэм щыпсэу ди льэпкъгъуэхэм я дыкІуэхэр.***

БАХИТ Маруф кьызэхуэсахэм кьахуеджащ Норданым и пащтыкъ Абдалла ЕтІуанэм адыгэхэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм. Абы кьыщыхощ илъэс 140-м щІигъуауэ пэжыгъэрэ лІыгъэрэ зэрахьэу къэралыгъуэм адыгэхэр зэрыщыпсэуэр, Иорданым и зыужьныгъэм я зэфІэкІ зэрыхахьхьэр.

ЗэІущІэм и кІэм Бахит Маруф зыщигъэгъуэзащ «Алхи» адыгэ зэгухьэныгъэм и щыІэкІэм. Абы и гуапэ хуэщІ адыгэ хэм футболымкІэ, гандболымкІэ, баскетболымкІэ командхэр, кьэфакІуэ, уэрэджьыкІакІуэ гупхэр зэраІэр.

Туризмэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Архыз» турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыныжкІэ щыІэ проектым и яп1э Іыхьэм щІэзыпсыным теухуауэ «Спецэр» фирмэм и лъхьэІэ зэгурыІуэныгъэ пришылІащ щыІэ правительствэм. Абы кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2008 - 2012 гъэхэм ахьшэ инвестицэу сом меларди-хьым нэблагъэ а фирмэм хилъхьэнущ.***

«СИНАРЭМ» и унафэщІ Ширяев Александр зэрыжиІамкІэ, «Архызы» турист комплексым щаухэнущ зы сыхьэтым кьрибыбыну щыху мини 140-рэ бгым дэзышыфыну кІапсэ гъэгуэхэр, псори зэхэту километр 250-рэ зи кІыхьыгъ лыжэ къежэхьыпІэхэр, хьащІэщхэр, нэгузегъэужьыпІэхэр, спорт, турист комплекс хэр, узынщагъэм щыкІэтэныпІэ санат орэхэр, нэгъуэщІхэр.

Республикэм и правительствэм кьыбгъэдэкІыу а щыпІэм щаухэнущ «Архызы - Дыкъуэ» автомобиль гъэгур, щаукъуэдиныщ километр 68-рэ зи кІыхьагъ газ, псы бжьамийхэр, километр 80 хьу электрокъару линэхэр, нэгъуэщІхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

Ди щІэлъапІэ

Іэмэпсымэ щхьэхуэхэмкІэ йопль.

Сабийхэм зыхашэ...

Афганистаным и Талибхэр кІуэ пэтми ирхьри хьиём йокІ.

Иджы абыхэм террорист Іуэхуэхэмкіэ кьагъэсэбэну щІадзащ сабийхэрэ. Американ гупым и хущІапІэм лагъыжэр зыщІэпха сабий екІуэлІащ. ЗауэІкъэм ажалэхьэ «бгырыпІхыр» ильэсих зи ныбжь щІалэ щыІкъым кьыщІахащ. Ахэр нэбдзэгубзапІэу кьызэрыщІэкІам и фІыгъэкІэ кьелахэщ.

А тІум я зэІущІэм сэбэп пылъащ: лъэныкъуэкІэ зэгурыІуащ Іуэху зыбжанэкІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Тель-Авив палестин 250-рэ езым и лъэхъуэщэм кьригъэкІыжынущ, апхуэдэу ар щІынальэм мылъкукІэ дэІепыкъунущ. Ольмертрэ Аббасрэ щытыкІэр зэтес щІыкІыным хуэгъэза Іуэхуэхэр яубзыхащ. Абыхэм щІэгъэкъуэн кьащІынущ нэгъуэщІ кьералхэри.

ІэпапІэ псори трах

США-м игъэткІиящ езым и гъэцапкъэр кьызэрыщыту щІыхуэхэр кьызэрапщытэ Іэмалхэр.

Иджы, здикІа къэралым емылытатауэ, щІыхь псоми я Іэпхьэамби 10-м (нэхьапэм тІуэу щытащ) ІэпапІэхэр трах. Апхуэдэу нэхэми нэкІухэми лъапІэ лъэпкъ эскъуэтыныгъэм и «Вахдат» махуэр. 1997 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м а къралым и унафэщІхэмрэ оппозицэм и Іэтащхьэхэмрэ Таджикистаным мамырыгъэр лъэпкъ эскъыльэгъуныгъэмрэ щыэзтелъэныным теухуауэ Москва Іэ зыщІыратаза зэгурыІуныгъэм кІэ иритащ 1992 - 1997 гъэхэм екІуэлІащ. Граждан зэуэ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 27 - 30-хэм Истамбыл щекІуэкІынущ Экономикэ зэдзэлэжьныгъэмрэ щыІэныгъэмкІэ Іэ зэгухьэныгъэм и 2-нэ дунейпсо зэІущІэ.

◆ Илъэс 70 и пэкІэ (1937) кьалъхуащ совет футболист Хусанов Галимзян. 1964 гъэм абы Испаниеми и команд кьыхэхам и гъэм дигъэкІа топ закъуэм СССР-м Европэм и кубокыр кьыхуихьащ.

◆ Илъэси 165-рэ и пэкІэ лІащ Урысейм яІэ мафІэгур щызыІуихуа Черепанов Евгений (и кьэ) Михаил и гъусэу). 1822 гъэм кьыщыщІэдзауэ псэухэкІэ Татил Ищхьэрэм и завод псоми я механик нэхьыщхьэу дэжьащ.

◆ 1979 гъэм зэгъэуащ «КъБР-м и щыхуб тхакІуэ» щІэ лъапІэр.

◆ **Дыгъэр кьыщІокІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 21-м, кьуэхьэжнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 59-рэ.**

ПлІанэгъэ ямыІэхьэмрэр **ШАЛ Мухьэмэдин.**

Зи чэзур дахэщ.

"Адыгэ псалъэр" ныфхуэвгъэну фыкъуейщэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэнщІэр республикэм и пощт Іуэхущ1апІэхэм мэкъуауэгъуэм и 28-м яух.

Апхуэдэу гу лъыдэгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуами. Ящ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Автобусхэр зэпэубыдащ

«Сэ 2003 гъэм дэжьэн щIэздзащ, абы пIандэрэ пщэдджыжь кьэс хьэзабым сыхэтщ, лэжьакIэ кIуэгъуэм автобус щIыкIуэхэм уитIысхьэну Iэмал лъэпкъ зэрыщымыIэм кьыхэ зэкIыу. Зэрэ тIэ урэ ди бек автобус хэр кьакIуэу ящIауэ щыта, ауэ зы мазэ-мазитI нэхъыбэ дэмыкIыу ахэр мэбзэхьхьри, аргуэру псори зэрыщытам хуокIуэжи. Етхуанэ маршрут автобуситI нэхъ мыхьуми тевгъэувэн фхуэзфIэмыкIыну пIэрэ?»

НЭГЪУЕЙ И.Р.

Жэуап кьрет Налшык кьалэ округым и администрацым и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **ХЬЭМГЪОКЪУ Л.Б.**:

- «Урысей автобусхэр» компаниемкIэ щыгъуэ кьащта программэм ипкъ иткIэ кьаIэрыкьа «ПАЗ-Аврора» автобусхэм ящыщу пщы 2006 гъэм «Вольнэ Аул - университет» маршрут №5-м трагъэувауэ щытащ. Ауэ лизинг ахьшэр зэрыримы тыжьыфым кьыхэIыу, «Регион Автотранс-Налшык» ООО-м кьалэм и маршрут нэхьыщхьэхэм щигъэлажьэ автобус нэхъ ину 10 «Внешторгбанк-лизинг» компанием 2007 гъэм и пэщIдзэм фIитхьэкьуащ. Етхуанэ маршрутыр нэхъыщхьэхэм зэращымыщым, ар цыху нэхьыбэ щызекIуэхэми зэрахимыбыдэм кьыхэкIыу, кьалэм и администрацэм абы «Газель» авт обус щыкIуэхэр кьыгринэу, арэп автобус псори кьыгринжьынкI хуей хьуащ. Iуэхур щызэблэзу кьамыгъэхьуи папщIэ, цIыхухэр нэхьыбэу щызекIуэ сыхьэтхэм автобус цIыкIухэр дакьикьи 2 - 3-м и пIэкIэ дакьикьэ кьэс IукIыу ящI, абы папщIэ зи зыгъэпсэхуугъуэхэм ящыщу автобуси 7 -8 маршрутым трагъэхьэ. Мызэ-мытIуэ ирагъэкIэла кьэпщыгэнэгъэхэм кьыхэзэгъэльэгуамкIэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, маршрут №5-м автобусхэр зэрыщыщыкIуэм арэзы утехьуэ хьунущ. Iуэхур зэхэмыхэ щызэблэзу кьамыгъэхьуи цIыху куэд щызекIу э сыхьэтхэм ирихьэлIэу, щыIэну кьыщIэкIынщ Мостовой уэрамым хуэзэу Налшык псым тель лъэмыжыр зэгъэпэщыжьми яухьэ у.

Ахьшэ ирагъэтынукъым

**«Ильас 36-м кьрипубликэ ди пщIантIэм дэт жыгъэр унащхьэм щыкIыну зэрыщыкIеям, абы и зэранкIэ япэ, етIуанэ кьатхэм куэдзэ щхьэгъубжэхэм дыгъи нэхуи зэрыщIмыщIэжьми, пщIантIэм жьы зэрыщыщэзэпримыхужьми, унэ лъабжьэр псыIэкьхьуу, зекIуапIэхэм тепь асфальтым зыкьыIэту зэрыхужьхьам кьыхэжьIу, дэ ди пщIантIэр зыхуей хэуэгъгъэзэну, жыгъэр дуэхуэнщIыну дыдэзгъуэгъуэ хьунущ. Iуэхур зэхэмыхэ зэрыщыкIуэ щIэпIэм жьыгъэр зыуухуэнщIым бригадэ кьыщащ. Пэжьыгъэр зэрIэкIа нэужь, дэ абы пкIуэту ттын хуейуэ кьыкIуагъэувэ сом мин 52-р тхуэгъэкьаруунукъым. Фэтэр 30-м щыпсэуэхэр жьыгъэкIэ е ныкIуэдыкIуагъэкIэ пенсэ зратхэрэ. Мыдрей кьанэхэм апхуэдэ ахьшэ тхуэзэхэлъхьэнукъым. Абы кьыхэкIыу дыныжьалIэу пжьыгъэм и уасэр еттын папщIэ фыкьыддэIэпыкьуну».

Ингуй уэрамым тет унэ №25-м щIэсхэм я цIыкIэ Беспаловэ Е.В., Налшык кьалэ.

Жэуап кьрет Налшык кьалэ округым и администрацым и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **ХЬЭМГЪОКЪУ Л.Б.**:

Тхыгъэм кьыщыгъэльэгъу уа псэупIэ унэм и пщIантIэм жыгышхуэу 20 щиуэхьэнщIри, «РОССЫ» ООО-м псори зэхэту сом мин 52-р зыпэкIуэ лэжьыгъэ зэфIигъэкIащ. Ауэ а унэр зыхыхьэ «Нарт» кооперативым псэупIэхэр зезыхьэ и зэгуэхьэныгъэм и счетым ильклым унэхэр зехьэным тригъэкIу здэщ ахьшэ. Абы кьыхэкIыу, мыбы щыпсэуэм мыльку зэрафэгъэдэмыльыр кьальытэри, «Нарт» кооперативым унэхэр зезыхьэ и зэгуэхьэныгъэмрэ «РОССЫ» ООО-мрэ зэгуэрыIуащ ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуэ ахьшэр цыхуэхэм кьыIамыхьэну.

(Къухьыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пэжщ, мыбдеж егъэлеяуэ кьыхэгъэщхьэхукIыпхьэу кьащIэкIынкьым лъэпкъ щэнхабзэм, щыхуэм кьадеIуэкI хабзэхэм я мыхьэнэр. Абыхэм куэд ельытащ икIи республикэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэр, ахэр ижь-ижьыж ІыдэдэрэІ зыхэпсэукІ гъащІэ ухуэкІэр хьэмэн хуейщ. Ауэ лъэпкъэр я щэнхабзэкIэ зэпыщIауэ, зым и фIыр адрейм зэхэлъхьэу икIи а фIыгъуэ псорир щIэблэрэм кьадэдэIуэ тэу зэрекIуэкIыпхьэм щэч хэлъкъым.

Урысыбзэм кьыдэкIуэу адыгэбзэмрэ балькьэрыбзэмрэ ди республикэм и кьэралыбзэу кьызэральытам кьеГъуэ а бзэхэр зэраджьи гъэзэфIэкIуэн, абыхэм зегъэужьыи хуейуэ. Ики республикэм Iэмалу щыIэр кьыщагъэсбэп а бзэхэр я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэу щытыным, зауэныным, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэхэр япэкIэ кIуэтэным хуэгъэзауэ. Ауэ адыгэхэми балькьэрхэми зи зыщыдгъэгъупщэркьым дуненйпсо щэнхабзэм и фIыгъуэхэр кьэдгъэзэжьыпи папщIэ, урысыбзэм и кьарурэ урыс щэнхабзэмрэ хэкIыпIэ зэрытщIар.

Ахъшэу ди зэн зыщыдгъэгъупщркьым Кьэбэрдей-Балькъэрыр лъэпкъ куэд зэрыс республикэу зэрыщытыр. Апхуэдэ щIыналъэм зэпIэзэрыгъэныгъэ щыIэн папщIэ, лъэпкъхэр зэпыщIауэ, сыт хуэдэ гугъуехьми зэщIыгъуу тепсэлыхьэу йоткуэкI. Абы кьегъэльагъуэ дэтхэну зы лъэпкъми адрейм и тхыдэм, и хабзэм, и щэнхабзэм, и лъэпкъ псэукIэм щIэ зэрыхуэщIыр. Апхуэдэ псэукIэр зытетIыхьа дзабжьэр щыгъэбыдащ республикэм и Закон Нэхъыщхьэм. Кьэбэрдей-Балькъэрым сыт и лъэныкьуэкIи щыдаIыгъ республикэм щыщкIэ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэр: славянхэм я «Вече», журтхэм я «Товуши» зэгуэхьэныгъэр, осетинхэм, ермэлыхэм, корейхэм, альджэхэм, нэмылухэм, нэгъуэщIхэми я зэгуэхьэныгъэхэр.

Кьэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуэхэм фIыуэ кьыдгуроIуэ зэманым псынщIэу зыщижь иджырей лъэхъэнэм лъэпкъ гуэрым зыпиГэщхьэхуэкIыныр зыкIи къемыгэгъыу зэрыщытыр. Абы кьыхэкIыу ди дежь куэд щыгъэфIагъэкI дэтхэнэ лъэпкъми тэмакъкIыхьагъэрэ щыIэрэ хэлъу щытыным, зым и щэнхабзэ фIыгъуэхэр адрейм кьыщIэным, лъэпкъ щэнхабзэхэм зэдэIэпыкьуэрэ зауэныным хуэунэтIауэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм лъэпкъхэр щыIэпэщIэкIуэтри кьыщыгъэльэгъуа ахьшэр щыхуэхэм кьыщыгъэльэгъуа ахьшэр щыхуэхэм

Лъэпкъ пыгъэщхьэхукIар зэманым лъэщIыхьэнукъым

иригъэщIащ кьуэжэм кьыпикIухьу, километри 4-м щигъу и кIыхьагъэ. Апхуэдэу кьуэжэм дригъэщIыхьащ мэжджыт. Мы зэманым Шидэ Бахьсэн районым и пенсионерхэм я советым и тхьэмадэ кьулыкьур зэрехь. Кьуажэм, районым сыт хуэдэ Iуэхугъэ щекIуэжми жыджэру хэтщ...

Кьызэхэсахэм ехъэхъуа, я зэхъыхьм и мыхьэнэм тепсэлыхьэ нэужь, Шидэ псалъэ иритащ Шэтхэ я нэхьыжьым - Альтуд кьикIа Кьасым. Ар илъэс 82-рэ мэхъу. Кьасыми кьызэринэкIащ лъжьыгъэфIкIэ гъэнщIа гьуэгуанэшхуэ. Хуумыгъэфэщэнуи щIыху гурыгъуэщ. Абы кьебжэкIрэ хьэхъуэу жиIэм щIэн гъуни имыIэ хуэдэщ. ЩIэблэм, нысэхэм яхуэгъэзауэ Кьасым жиIа хьэхъу дахэм хьэщыкъ ищIауэ елъауэ кьызэхуэса псори.

Щэтхэ, фIыкIэ мыхьэмэ, адрей лъэпкъхэм ІейкIэ кьахэщыркьым. ХьэтIохъуащкьуейм эмышI, а унэцIэр зезыхьэхэр дэсщ Псынэдахэ, Кьэрэгъэщ, Альтуд. Щэт лъэпкъым и пщIэр зыIэтхэм ящыщщ Псынэдахэ кьуажэм дэт мэкъумэщ Iуэхущ Iанэм и унафэщI, Дзэлыкьуэ районым щыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и тхьэмадэ Мэчрэплиэ. Ар зи унафэщI хозяйствэм нэхъ лъэпщхьэхьэ республикэм кьыщыгъэгъэзэжьащ. Iуэхур ягъэлъэпкъажьащ, сыт хуэдиз лъэпощхэр Iумыуэрэми, екIуэр ещхьу егъэлажьэ. "Кьэбэрдейр дымащIэщ, - жеIэ Мэчрэ Iид, - ар кьыдгурыIуэу ди щIыналъэм лъэпкъыу щысыпхуэм, ефIэкIуэну, якъ зэгурыIуэ дэлъыну си гуапэщ. Ди нобэр нэхъ дахэ, ди щIэблэм я пщэдейр тэмэм хъун папщIэ, лъэпкъ кьэс нэхъыжьу, балигъэщу исым ди пщэ кьыдохуэ тхуэзфIэкI щIыну. Дыхуейщ ар щIыналъэ тепьыдэжьм и щэфI къэрал псом щыгъэлажьэну. Нобэ республикэм и пашъхьэ нокьуэ Арсен дэ куэдкIэ дыщогуръ -ди псэуфIэр ефIэкIуэн, ди экономикэм зиужьыжьын папщIэ, абы кьрихьэжьа Iуэху дахэр дэри дтIыгъыну ди кьалэнщ".

Лъэпкъ зэхуэсым кьрагъэблагъащ Шэтхэ я щыфэIыфэр фIыуэ зыщIэ, а лъэпкъым пыщIа, пщIэр щIыхьэр зиIэ щIыхь зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ егъэджакIуэ, тхакIуэ, уэрэдчъ Джэдгъэф Хьусен. Псалъэ кьыщыпхьэсым кьызэхуэсахэр абы кьыгъэзэрэ щIалэ Шэт унэцIэр кьызытекIам, абы кьежьапIэ хуэхъуам. ИкIи гимн папщIэу лъэпкъым усэ зэрахуитхари кьыхиъэщащ.

Шэхэ я лъэпкъ зэIущIэр сыхьэт зыбжанкIэ зэхэтами, кьызэхуэсахэм ар кIыхь кьащыхъуакьым, кьафэр, джэгур, уэрэдыр зэпымыууэ щыIуати. ЩызэбгрыкIыным нэхъыжьхэр зэгурыIауэ щIэх-щIэхыжьэ зэхьыхьэну. Iуэху кьыщIэткIэ зэхэлъхьаныгъэу, зэчэнджэщыну, щIэблэм гулъытэ ягъэ хуащIыну.

МЫЗ Ахьмэд.

Кьэбэрдей-Балькъэрыр Урысей къаралыгъуэм зэрыгухьэр илъэс 450-рэ зэрыричъуэ и щIыхькIэ Налшык щекIуэкIыну гуфIэгъуэхэм кьалэм еужьэрэкIу зыхуегъэхьэзыр. Уэрамхэр, фэеплъэхэр, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр зыхуей хуагъаз.

Апхуэдэу Шортэным и уэрамым тет фэеплъ сыныр дахэу зэрахьащ, иджы абы и гупэ утым плиткэ иралъхьэ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда комсомолец лIыхъужьхэм я фэеплъыр зэманым фае дохъуат. Иджы, лэжьыгъэр и кIэм нэмысыпаи, абы итъуэта теплъэщIэм уэрамри, пэмыжьжьу щыт дей хадэри егъэщIэращIэ.

Хьыбдахэр къызэрыкIэж хабзэхэр

УРЫСЕЙ Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхухэмкiэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъукъащIэ хьэпъэхэм я лъэныкьуэ зыдэщыкIыжьмкIэ и министерствэм щIэнхьадзагъэхэм, нэгъуэщIу къэхуэхэм ятеууэ хьыбдахэр кьызэрыщыIах, зэрыщытх, къызэрыщапщытэ хабзэр, апхуэдэу ар гъэззащIа зэрыхьум Iуэхущ Iанэр зэрыкIэпыпIэ щыкIэр щыгъэщIэрыкунэу, абы жиIахэр ятх УФ-м и УПК-м и 143-нэ статьям игъэува хабзэм тету (щIэпхъаджагъэм и нэщэнхэр кьызэрахутам теуху ра рапорт).

Хьыбдарэр кьызыбгъэдэкIыр щыгъуаз ящI езым ищIэу пщIы иупсмэ, УФ-м и УК-м и 306-нэ статьям ипкъ иткIэ, уголовнэ жэуап зэрихьныр. Абы теуху протоколым хьыбдарыр кьызыбгъэдэкIам Iэ трыраГадза.

Урысейм и МЧС-м и органхэу щIэпхъаджагъэхэм, нэгъуэщI кьэхъуахэм ятеууха хьыбдарэр кьеIыкьыну, зытхыну, къэзыпщытэну зи кьалэнхэр, апхуэдэу Налшык и щIыналъэм щIэпхъаджагъэхэр зэрыщалажьам теуха хьыбдарэр кьеIыкьыным е кьыIахьи ямыдэным) ехьэлIауэ ялэжьхэр ягу иримыкьыз зыхуэтхъэсыхэ хьуну кьулыкьущIэхэр мы щIыпIэхэм щыIэщ.

Налшык кьалэм къэрал мафIэс кIэлъыплъныныгъэмкIэ и кьудамэ - Налшык кьалэ, Щэщэн уэрам, 6, телефоныр 96-33-47;

Урысыем и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КьБР-м щыIэм МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъныныгъэмкIэ и управленэ - Налшык кьалэ, Чернышевс- кэм и уэрам, 19, телефоныр 74-14-91;

Урысыем и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КьБР-м щыIэм дзыхь зрагъэз и телефоныр - 8(8662) 74-35-19.

Нэхъ зыубгъауэ Iэхэум щыгъэвэ уищынущ Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КьБР-м щыIэм МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъныныгъэмкIэ и Iэхэущ IанIэм «Интернетым» щIиз сайтым: **ugpnkbr.ru**

Налшык къэрал мафIэс кIэлъыплъныныгъэмкIэ и кьудамэ

● Лъэпкъ зэхуэс

Я къэкIуэнум фIыкIэ щыгуфIыкIыну

А махуэм ШэтхэтIахэмрэ ди къэралыгъуэм и къэкIуэнум фIыкIэ щыгуфIыкIыну, зыр зым щыгуфIыкIыну ЕмелIэешкIэ зэIущIэрт къуажэ-къуажэкIэрэ. КьикIа зэуэнхэкIэрэ. Псом хуэмыдиз я Iутыжьт сайныхэм. Дунейр тIэу щIэтIэу яхуэмыхьуу, къыхэ-щIыпIыщIу щIыпIэ тельыдиз. Лъэпкъ зэхьыхьэм щрагъэкIуэрэ - Бахьсэн куейм щыIэ Хьэтlохъущкьуей ерыскъым дэт еджапIэ-интернатыр. Зи щIыпIэщхьэр кьигъэмрэ игъэущI кьэкIыгъэхэмрэ яуфбэгъуэ а щIыпIэм кьыгъэхуэсахэм я гукъыдэкIыр нэхъри кьиГэтыр.

ЕДЖАПIЭМ и щхапIэ Iэхуитлъэхуитыщхуэм щыгъэзыва Iэнэхэр ерыскъым кьыкIуэтэр. Я нэхъ мащIэрамэ, щIиху 500 хуэдиз щIэхэунут абы.

Гуфlэгъуэ зэхьыхьэм къэкIуаэхэр я пIэ иэзгъа нэужь, зэIущIэр кьызэIуех ХьэтIохъущкьуей дэс Шэтхэ я нэхьыжь Шидэ. Лъэпкъым я япэ зэхьыхьэр угъурлы яхуэхьуну, фIыгъуэ кьахудэкIыну кьызэхуэса псоми сэхъэхъури, Шидэ и псалъэмакьыр иригъэщIащ а махуэм щыIэхуэсам и щхьэуфIыгъуэ: "Куэд щIауэ ди из зыхуэхьэрэ Iутлъкъ зэхьыхь къызэдгъэпэщыну, къуажэкъуажэкIэрэ зэбгрыдза зэIыхьлъхэр дыззэхуэсу ди щIэблэр зэрыдгъэщIыхуну, ар нобэ кьыдэхьуIащ. Шэтхэатхуэдэу дылъэпкъыщхуэри пхъэнкьым, унагъэ 80-м ныбэрыхьэсу аращ. АтIэми, тфIэфIщ адрей лъэпкъхэм ещхьу ди фIыр тIэтэину, ныхуэзэфIэмыкIым зыщIэдгъэкъэуну, ди тфIэгъуи ди пэщхьэгъуи зэдэдгъэушыну. Къалэм нэхъыщхьэу нэхъыжьхэм нобэ ди пщэ ерыльыр щIэблэр гъэтIу ящ пэж тету къэгъэугурыкIуэн папщIэ, тлъэкI псори дгъэкъыныр".

ЖьIапхэщ лъэпкъ зэхуэсэр ешIэгъэкIуэкIыну зи пщэ далъхьа Шэт Шидэ пщIэрэ щIыхьрэ жьылэм, районым щызиIэ щIыхуу, къызэгъэпэщащ Iэзэу зэрыщытыр. Ар илъэс 12-кIэ лэжьащ ХьэтIохъущкьуей дэт мэкъумэщ хозяйствэм и тхьэмадэу. Абы и лжькIэ, нэгъэущI Iэнатlэ Iуту, районыр зэрэщIэхэрэр кьуажэрэ кьелъэIури, аргуэру щIлъэитIкIэ а кьудыкьур зэрихьащ. А лъэхъэнэм щхьрыубзэу Шидэ уи щхьэр плъэгъу щIэпIэт хъун Iэхуфl куэд зэфIигъэкIащ. ГъавэмкIэ, Iещхэкl кьелъжьыныжькIэ кьэралым я пщэ кьрилъхьэ кьалэныр ирригъэзащIэм кьыдэкIуэу, абы и жэрдэмкIэ Iухуэныгъэ куэд ХьэтIохъущкьуей щекIуэкIащ. Гъэзыр кьуажэм дригъэшащ, къэхъэм псыщIэгъэльадэ кьыщыгъэригъэзащIэ, къэзыгъэ кIуэщIым псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километрибгъу дыригъэльхьащ, сайийуэ 140-р щаIыгъ садрэ колхоз правленэр зыщIэс унэмрэ ирригъэхуащ. Гъэзыр

Революцэр екIуа нэужь, Псыгуэнсу щIалэгъуалэ зэгуэхьащIым и инафэщIу яГэуэт щIыху гуащIафIэ, къызэгъэпэщащIуэфI Кьардэнгъущ Мурид.

Мурид и лэжьэкIэм гу лъамытэу къэнакьым. И лэжьыгъэм зэрыкуэпэжьыр, хабзэр кьыдэпсыдыдазэм ткIийуэ зэрабгъэдыкьыжьыр кьуэдкIыпэрэ, кьуэдрэмэхыпу ар милицэм и кьу дамэхэм ящыщ зым и унафэщIу яГэуэ. Абы щыщыIа зэманым Кьардэнгъущым куэд зэфIигъэкIащ, псэ хъэлэлу, кьэмыIэнджэжу Iуэху зэхьыхьэр дэжьащ. Iуэфlхэр милицэм хуэхьэныкIэ, псэукIэщIэм и гъэгъум текьа щыIэхэм зэран кьахуэхьуэхэм унафэ ткIий ятещIыхьэныкIэ.

1930 гъэхэм къохоз кьызэгъэпэщыныр, дэнэ щыIэри хуэдэу, гугъуехьгъуэрэ щекIуэкIырт ЩэнэгъэнсУ. Арати, Кьардэнгъущыр кьуажэм кьащIэж. Хьэсанэ Хьэжмурид, Темыркьан Жанхьэт, Жыгуэ Мэзэин, Дзыгъыр Мухьэмэд, Балькъыз Мухьэжид сымэ и щIэгъэкъэнэу, Мурид дэжьыгъащхуэ иригъэкIыжащ колхозыбзыр и жылагъэуэм щызэфIэгъэувэным хуэунэтIауэ.

1931 гъэм партым и Кьэбэрдей-Балькъэр обкомым и унафэкIэ Мурид Псыгуэнсу и колхозым и парт организацэм и унафэщIу ягъэуэ. А Iэнатlэ мытыншым ар пэрытащ 1937 гъэ пщIондэ.

1934 гъэм ди республикэм кьратауэ щытащ Ленин орденыр. Кьуажэм щызэхэта колхозыра гъэ дыдэм ярагъэкIат Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм и цIыху пажэ хэр, колхоз, совхоз зэхъыфIкIэ зэрыт «Тхьыпэ пIыкьыжьм». Абы ихуат езы Мурид, гущIэдэжьым щыпашэ хэу Балькъыз Гъэщдис, Шэрыдыжь ХьэкIащэ, Кьардэнгъущ Хьэшим, Кьазий Лаго, КьуацIэ Хьэзешэ, Кьэрэгъуэ Темыркьан сымэ. А илъэсым ди лэжьакIэр пашэу 34-рэ Мэзкуу щыIэ къэралпсо мэхъуэмэш выставкэм ягъэкIуауэ щытащ. Апхуэдизу щыху зэрыкIа нэгъуэщI хозяйствэ ди республикэм щыIакьым. Мысоостышхуэу Быитэ адыгэ щыхубзхэм ящыщу псом япэу Ленин орден кьратауэ, ди лэжьакIуэ пашэ куэдым дамыгъэ гъапIэхэр кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Ди кьуажэмрэ абы щыIэхэт колхозымрэ я зэфIэкIыр яфIэ тельыджэу, я нэкIэ яIаГъымэ нэхь кьащтэу ди дежь кьэкIуауэ щытащ кьэралым щыщIэрыIуэ щыху куэд.

Абы и ящыщт урыс тхакIуэшхуэ Пришвин Михаил, «Псыгуэнсу кьуажэ» тхылъыр зыхтар.Ростов щыщ журналист Iэзэ Максимов Павел, ФIыщIэ Бемырзэ теухуауэ «Кьуршыбгъэ» очеркыр зи Iэдакьэ щыIэ журналист Колтоев, дунейм псом цIэрыIуэ щыхьуа кьхъухьэтатэзехуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Водопьянов Михаил, журналист Микулин, нэгъэущIэхэр.

Кьуажэдзэхэм, колхозхэтхэм я ехьулIэныгъэмэ яГъэгуэуа Мурид кьыхилъхьат кьуажэм ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэгъэкIыжьын хуейуэ. Абы и жэрдэмкIэ кьуажэм дащIыхьат кьатитIу зэтет школ, колхоз правленэр, кьуажэ Советыр, хьэмэн, шхапIэ, сымаджэщ, стадионитI, коммунист щIалэхэм я школ, нэгъэущIэхэр. Кьуажэ уэрамхэр, гъуэгуэхэр зэIуэзэщ щыныжькIи гъэжьыгъэфI ирагъэкIыжьат. Нэхъ нужьыIэ яухуат цIыху щитху зыщIэ хуэ кьуажэ клуб, щIалхъуэтъэжьапIэ, хьэм, кIыщ, пхьащIэ псэщапIэ, нэгъэущIэхэр.

Колхоз зэIущIэ гъэрым Мурид щыжиIауэ щытащ цIыхухэм гукъинэж ящыхуэ ящыпхуэдэ псалъэхэр: «Зыми иремыгупэ лIыжьфызыжьхьэр дэлэпыкIуэнгъэнщIуэ кьэдгъэнну, иремыгуазэ сабий зеинщIэ хэр, щIакхъуэ Iыхь дэнэ кьитхьну жаIэу. Колхозыр кьарурушхуэщ. Абы куэд хуэзфIкIыныщ. Колхозыр бын хьарзынэ яхуэхъунущ лIыжьфызыжьхьэм, колхозыр адэ-анэ пэтьытэ яхуэхъунущ сабий зеинщIэхэм».

Мурид и кьэнсэлъэныгъэм иужькIэ унафэ кьащтащ зыхуэзэфIэмыкIхэм я колхоз мылькум кьыхэкIыу унэ хуэащIыну. ИкIи зэман куэд дэмыкIыжьу, кьуажэм кьыдэхуащ унэщIэ зыбжанэ.

КьыдзэгъэпэщащIу Iэкlуэтлъакlуэу зэрыщытыр, псэ-

Мурид и кьыхуеджэныгъэм мыпхуэдэ жэуап кьыритыжауэ щытащ Сталиным:

-Си сэламыр сIых, Дзэ Плъыжьым фIыщIэ зыхуэщIа ПатIурэ и кьэ Мурид! Ди бронетанк кьарухэм хуэпщIа хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэ пхузощI».

1947 гъэм, кьуажэмрэ колхозымрэ зегъэужьынымкIэ нэужь а Iуэхугъэущхуэхэм папщIэ, Мурид кьыхуатъэфэщащ «ГуащIэдэкIым и Бэракъ ПшIыжь-орденыр.

Мыхьэнэшхуэ иритыт Мурид кьуажэдэсхэр щIэныгъэм и лъагъуэм тепсэлыхьэ, школым сыт щыгъуи и нэIэ тригъэтт. И зэманыр зэпэубыдами, кьуажэм щIэкIэхуэрэ кьриигъэблагъэрт гъуазджэм, литературэм и джьащIуэхэр.

И ныбжьыр ильэс щэ ныкъуэ ирикъуа кьуденIуэ, и кьару ильытIуэну, мурад дахэ иIэжр зэфIигъэкIыну хунэмыс Мурид дунейм ехьажащ.

Кьуажэдэс нэхъыжьхэм фIыуэ ящIэж партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тибоерэ ди жылэм кьэкIуауэ зэрыщытар. «Мы нужьрей ильэсхэм фи Iуэху зыри хъуркъым, - жиIащ абы зэIущIэм кьыщыщIипсалъэу. - ФиIащ фэ зылI, псори зэщIинэзуIуэу, зэкъуэту гъэкьыгъэ Iэнатlэм тэмэму иришалIэфу. Ар Кьардэнгъущ Мурид. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пасэу дунейм ехьажащ. Абы и ужькIэ кьуажэм дэкIуэдыкIащ кьызэгъэпэщакIуэ зэчий зиIэжр. УкIийкIэ Iуэ хур дэкIыныкъым. Етупсыкьи хуейщ зэпэм фIа пщIэр зэрыгъэзэгъэтъыжьну щыкIэм».

Дэнэ щыIнэ щыIэжьамэ, сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытамэ, Кьардэнгъущ Мурид къэмыIэнджэжу къэралым хуэлэжьащ, гъащIэщIэм и гъуэгум теуха щIыхьэм хуэзэфIэкI яхунащ. МыкIуэдыжьнщ абы и фэеплъыр. Дэ, егъэджакIуэхэм, тхуэзфIэкI кьэдгъэнэнкьым кьыттщIихуэ щIэблэм Мурид и Iуэхущафэ дахэхэр щапхъэу яхуэдгъэльэгъуэн папщIэ.

МЫЗ Аминэ.
Псыгуэнсу къуажэ.

● Фэеплъ

ЦIыху къэмэнджэж

"Адыгэ псалъэм" и пощт

Фыщіэ ■ Лъэіу ■ Гукъеуэ ■ Чэнджэщ

● Абы дегъэпІейтей

Фадэм и зэрал

ГУЗЭВЭГЪУЭМ хэку эр дапщэ? Ефаур р улым бгъэдэтыс-хьа щІалэр гъэзэум тежри, лъэс лъагъуэм ирикІуэ цІыхубзэр иригъэкІаш. Сабий цІыкІуитІ зеиншэ ящІащ. Ешьм фэбжьашІуэ тепІуу кьелащ, ауэ и лъакъэр памыкІыжьащ. Хьуэкьым.

Сабиищ зиІэ щІалэр иригъэкІри, езыгъэкІар щІэпхьуэжащ. Хэт ящІэрэ, къэувыІэу щІалэр сымаджэщым ишамэ, кьахуегъэлынкІэ хьунт. Щапхьэр куэдщ.

Мэпсэу а бзаджэнаджэри, кьыскъэзвгъэгъу нэгъуэщІу схужьІэнукъым, фызабэу кьигъэна нысащІэ цІыкІум сомкІэ сыдэІэпхьыжьунщ е и унагъуэ сихьэнщи кьыскъуагъэгъуну сельэІунщ жимыІэу.

Ар емыфэмэ, хуэдэ дэнэ щыІэ, сыт хуэдэ Іэхъуми хозагъэ, цІыхУ гуапэщ, убзыгъэщ хьэкІэ. Ауэ ефамэ, и нэпу зыщІУмыгъэхуэн хуейуэ мыхъумыщІэ ещІ фадэм. Мэкпий, мэгуо, щэчыгъуейщ, зыгуэр жьпІэмэ, зыри жумыІэххэми зэуэну фІэгъэнапІэ кьелыпхъуэ.

ПщІантІэм дэкІар щэчыгъуейрэ зэуэн-бэнэну хьэзыру кьыдыхьэжащ. И щхьэгъусэр щІнуКІыхьу анэр кьыщІэльадэрэ, я зэхуакъ м зыдидзащ. «Уззэгъэфа быдзышэм хьэтыр нІэ жмэ, увыІэ», - жиІэу гъуэгъу лъаІуэу анэм кьыщеІунщІым тхьэмыщІкІэр гъэупІыпІэ кьуапІэм жьхэхуэзри и щхьэм эдыкІ ящІу-тащ. Абы нэ хьрэ нэкъ г гукъуТэ анэм и нэгу щІэкІынкІэ хьуну пІэрэ? Щ1алэжьыр теужа иужькІэ щІегъуэжами, сыт и мыхьэнэжьыр? Анэм игу икІуытыкар сытым хуабэ ящІыжьн?

Фадэр нэрыгъэ зыкъуэхьуа лІым и унагъуэр бэлыхьэмыкІыу егъэпсэу. Быним я нэ хьыжь цІыкІур адэм пэуващ, дяпэкІэ и анэм и Іэ кьыхуиІэ ту эЗримыдэнури кьыгурегъэІуащ. «Мыпхуэдэ цІыху адэ щхьэ тхуэпщІа?», - егъэкъуанащэ анэри.

ШІэпхьаджагъэ илэжьрэ суд пащхьэм кьихуэтэмэ, «сыч-эфат» - аращ жэуапу щагъуэтыныр.

Езыхэм я Іуэхури щІагъэжьым: сымадж эу, щэІуу, гызущ зэфар зэрапкърыкІыжьыр. Щымыкъуэжьыххэм «щхьэщІыж» жаІэуурэ кьыпащэ.

Абыхэм я тепІэ кьудейм укьегъэуІэбжь: я фэр пыкІар-я нитІыр адэ ку уу эис у, ээ ти пльыжьыфэу, щІыхУ-фІыцІафэу. КІэщІу жьпІэмэ, тепІэ тэмэмыж йокІри, нэджэІужьэ мэхъу.

ГуфІэгъэ уэ зэхьхьэкъ къэштэнщи, пСори екІуу хуэпарэ?, гушыІэ дахи яхэпІу, жаІэми ящІэми зэрыкІэ лъыпльыжькІи акъыл яІэу фадэр уэгъу зыпТет Іэнэм кьетыСкІэкІынхэщІ... Лы-гъэ уиІэм къэщІыхуж уэ аэр. ЗамыгъэнщІу, мыдэ псы эу эІ-лІам жьыхуаІэм эу эдэу, фадэ г ущІэм эм иужь адрейр итУ иракІыхьнущ. Я щыгъыныр зэфІэмыхьэу, зэфІэмытыжьыфхэу, емыкІу зыпІылъ псальъэ эри жаІэу. Емызэгъыу игъэІэнуми иткъэзэпэнуми абы щхьэкІэ кьамыгъанэу хагъэзэхьынущ, хэзыгъэзэыхьэхэри чэфыжь хьуаэхэщ.

Сэри зэи семыфэу сэлыщтхьмэ. Гуп сыхьхьэмэ, зы бжьыІ бжьытІи сэтэнкІэ мэхъу, Ауэ я тІэкІу сыкъэжанауэ щысІ-лъагъуКІэ щІэзогъэтхэж. КьыззэлъэІукІи кьыстракъуэзкІи сыхуэмейуэ сезыгъэфэфын кьэхъуакъым. Сэ адрейхэм нэхьрэ сынэхь губзыгъэщ жьысІэу аракъым. Фадэм уи напэр зэрытрихьнур, абы кьунщІэфынур хьэжьыу упхыкІаУ эу ущытын папщІэ акьылышхуэ уХуейкъым.

Іуэхуншэ хьуэ цІыхухьуэр кІуэ пэтми фадэм нэхь дихьэхьу, дихьэ хэзр нэхьыбэ хьуэрэ макІуэ. Сыт абы и Іэмалыр?

А бзыхэм ІэмалыкІ кьахуэзыгъу эту щытар совет власт-рат. Сымаджэщым игъакІэрэт, езыхэм емыупщІыххэу. Тэмэмри аратэкъэ? НэгъуэщІ мыхьуми, а зэманым и унагъуэм зигъэпсэхуэт. Иджы «дыхуиткъым, демократием идэрщым, ар хуэмейуэ бгъэкІэуэну», - жаІэ.

Сыт хуэдизэ кьрамыгъэкІэжми, ефэр йофэ. Абы зыри иригъэзавэркъым, зыми унафэ тришІыхьыркъым.

ЯХЭГУАУЭ Берд.

● Щыхьэху

ЩамыуэфІейрэ щыІэкІэ

Ди жылэ Инарыкъуей хуабжьу фІейуэ гъатхэм техьащ. Зы зэман гъэш фермэу, щкІэ, джэдкъаззэр щагъэхьуэ, сабийхэр щыдзэгуу щыта губгъуэ зэхуэантІэ дахэр пхъэнкІий идзыпІэ ящІат. МыдекІэ къуажэ кІуэпІыр къащти, апхуэдэ дыдэт. Ярэби, мыбы нэхърэ пхъэнкІий нэхъ щыкуэд къуажэ щыІэу пІэрэ? - жыпІэрт.

ЩЭБЭТ щІыхьэхур къезыгъэжьам фІыгъуэр къыхуищІэ. Абы и сэбэпкІэ ди жылэм фа къытеуэжащ. Къуажэм къыщыщІидзэу Тхэ къалэм ухуэзышэ гъуэгум тет жыгхэр яухъэнщІащ, сэху ираташ. ЕджакІуэ цІыкІуХэри а махуэм жыджэру щІыхьэхум хэтащ.

Иджы ди жылэр хьабзэ хъуащ. Ярэби, ущыпсэу кьыжаэр, уэрамхэр апхуэдэу щытын папщІэ. Іэмал имыІэу щрбэт щІыхьэху къызэгъэпэщын хуейуэ ара? Ар илъэсым зэращІыр зэщ. Къабзагъэм махуэ къэс укІэльпІэлъ хуейуэ аракъэ зэрыщытыр?

Уи пщІантІэр зэщІэпкъуэу абы дэлъа пхъэнкІийр губгъуэ дахэм щиКІутыныр емыкІуЩ, гъэсэнныгъэ зыхэлъым имыщІэнщ.

ШколакІуэхэм тхуэлъІымпІэжьхэр уэрамхэм щыхьыфІадзэнукъым, ахэр зыгъэсэну зи пщэ къыдэхуэ адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ щІэблэм я тхьэкІумэм ар ирагъэтмэ. Ущыпсэуэм и кьабзагъэм укІэльпІэлъ хуейщ. Ар дэтхэнэ зы щІыхуми и кІалэнщ.

ХЪЫМБЗЭЗР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ.

● Щапхьэ

Дадэ Іумахуэ

АЩХЪУЭТ Алий и ныбжьыр илъэс 16-м итУ Курп Ипщэ хуэжэм а зэманым щызэхэта «40 лет Октября» колхозым пэмкІэн щащІидзаш Губгъуэм итУ, трактористхэм Іэпыдзпльэпыдз яхуэхъуу лажьэуРэ, Тэрч военкоматым и унафэкІэ Тырныауэ дэт ФЗО-м щеджэну ягьакІуэ. Ухуаиуэ ІэщІагъэ зрегъэуэгъуэ, а кьалэм щыІэ уХуакІуэ органи-зацием илъэс зыбжанэкІэ щолажьэ.

Цыху жаным, псэ хьэлэмкІэ и ІэнатІэм бгъэдэтым «За трудовое отличие» медалыр кьратат, Щыхь тхьипІэр ахьшэ сауГэтрэ абы щІыгъуку.

Кьэбэрдейр Урысейм зэрыгурыхьэрэ илъэс 400 щрикъуам щыгъуэ, Налшык къыщызэрагъэпэщащэу щыта Щыхь пхъэбгъум Алий и суРэтри ираПхьат. Иужьк1э 1958 гъэм, щапхьэ и жьапІэ кьегъэзэжри, колхоз пэжыгъэм зретыж.

Гъэзэ фермэм и унафэщІу, бригадиру щытащ, мэл пщыІэм и мэлыхьэхуэкІи пенсэм кІуэу пэжащІ. Уеблэмэ, пенсэм кІуэ нэужьи, мытІысыжу и гуащІэ колхозым хилъхьащ. Псори зэхэту илъэс 47-кІэ пэжащ. А зэманым кІэриубЫдэу абы кьэралым къыхуиГэфэщащ медалитхуэр Щыхь тхьпІу зыбжанэрэ.

Ноби дадэ жьыщхьэ махуэр кьуажэдэс щІалэгъуалэм я ущиякІуэу, пщІэ къыхущІэрэ фІыуэ кьалъагъуу, и кьэрыпхъуэ щыкІуэ-хэр и гурыфІыгъуэу мэпсэури, иджыри куэдрэ Тхъэм узынІзу ящхьэщигъэт!

ХЬЭТКЪУТ Сэфарбий.

● Зэманымрэ щІыхугъэмрэ

ФІы зыхэмыт щыІэкъым

Сыт хуэдэ зэманми ди щІыхур тІыпщыгъуэ ихуауэ сэ кьыскъэщІэжыркъым. БэлэІа лІэщІыгъуэр гъэщІагъэ щытащ зауэ-банэрэ лъыгъажэкІэ.

Тхуникъунти Хэку зауэшхуэм кьыстрахьыжьа мыгъэрэ гуэвгъуэмрэ.

Абы и ужькІэ зэкІэлъхьэжьу екІуэкІа гъей ильясхэрщІу. Зауэшхуэ гуПуэкъым ди щІыхубзр дауэ къеда? Дэщи кьраха апхуэдизу бзыгчагъ?

ЗАУЭлыгъейм зи лъэ щІнуда кьэралри куэлейсыз хъуат, щІыхуэм кьаззрыдэІэпщкъуи кьаруБзр бгъэдэмылъыжу. ИтІани, гугъэм кьаруущІэ кьаринтуРэ, щІыхуэм я пкэр кьэщІрэщІэжащ, псэунытъэми гуКьыдэж хуащІыжащ, кьэралри хуэмурэ зэтеувжащ.

ЦІыхухэр зыр адрейм хуэгуапэу, хуэзэфІэкІыжкІэ зыщІигъаКъуэурэ зэдэІэпыкъуэхэрт. Зыгуэрым унэ ищІынумэ, хьэблэр и щІэгъэкъуэнт, и Іуэхури псынщІэ щащІыРт. Зым имыІэмэ, адрейр дэгуащэрт. Гъавэ бзв къриХьэІЭжамэ, абы псапэ хищІыкІырт. Си щхьэкІэ сщІэжыркъым ди анэм зы мэрем щІыхьэщхьэ гъэш ди унэм кьыщІихьауэ - зимыІэхэм чэзуэрэ яхуихьырт. ЦІыхухэм цІыхугъэмрэ гуапагъэмрэ нэхъ ябгъэдэлъу щытащ.

Ди гъуэгуЗу нанэхэу Ащхьэхуэтэх Гуащэ, Гуащэнэ, Афо, Чэщей, Дыгъэ, Зэрэтхъан сымэ я кэущІым хьэблэ сабийхэр дыкъухьэхЪащ. Ахэр зыкІэ цІыхуФІу, бзэ ІэфІу щытащи, нобэми я тепІэ нэхур си игуМ щІэтщ. Хьэблэ нысащІэхэр абыхэм ягъасэрт, унагъуэ зехьэкІэмэ щыгъуазэ ящІырт.

Мис апхуэдэ нанэхэращ, ди блэкІар зыгъэдэхар, пщэдей махуэм фІыкІэ дыпэплъэу дыкъэзыгъэтэджар. Сахуэзрэзыщ псомэ, я ахъэрэщІ нэхУ яхуэхьауэ Тхьэм кьыщІигъэкІ!

Гуапагъэ... Сыту куэд кьызэщІиубыдэрэ мы псалъэм! Ар кьыпкърокІ цІыхугъэм, нэмысым, лъагъунытъэм, ди лъэпкъ хабзэу ильэсищэ Іэджэ лъандэрэ кьыддэгъэзугрыкІуэм.

... «Зэманым декІур дЫыфІщ», - жиІащ адыгэлІ Іущым. Ауэ ар жызыІам ищІауэ кьыщІэкІынкьым мыпхуэдэ зэман кьэхъуну. Мы зэман зэІумыбзым хэзэрыхьащ цІыхуцІэри, напэри, гуапагъэри. Псом яп мылъкур ирагъэуващ. Ар, дауи, щхьэжьщымыхьуу кьанэрэкъым.

Нэхъ ипІуэкІэ ди щІалэгъуалэр нэхъыжь и жьІэ, и псалъэ щІэдэІуу щытащ. Иджы-цо? Уи жагъуэ мыхъуу кьанэркъым абыхэм яхолъ мыхъумыщІагъэр щыпІалъгъум деж. Сагъызыр яГъэнышкІуу узрамым щрикІуэкІэ, ину псалъэрэ дыкъэшхьжу, хьыджэбз цІыкІухэм кьеъкъэзкІуэ ящІыгъ гъэнщІэджхэр, абы щІыгъуэми, я бынжэр кьыщІэнщу щыпІалъгъуКІэ, ари мыгъэсэныгъэм и нэщэнщи, жагъуэ щщохьу.

Телевиденэр къэщІэнщи, каналгу щыІэр гъэКІэрэхъуэ акъыдэр губзыгъагъэр щІалэгъуалэм кьызыхахьи куэд абы ущрихьэІЭнукъым. Хэт сыт хуэдэу дыгъуами, цІыху иукІами, ар зэрищІа псор зэпкрыхьауэ утыку кьралхьэ.

Ауэ диІэщ щІэныгъэ хъарзынэ, гъэсэныгъэ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэ.

И цІэр фІыкІэ кьисІуэнут ди Тэрч куейм и Пенсионнэ фондым и унафэщІ, цІыхубз гуапэ, зи хьэл-щэным игъэдэхэж, цІыхугъэшхуэ зыхъль Дэдэхъу Майе. Мы Іуэхущ1апІэм щылажьхэу, нэхъыжьмэ нэхъыщІэм цІыхэ хуэзыщІ, щхьэх зымыщІэхэу зи Іэнатіэр езыхьэкІ Бухьар Ларисэ, Нэгъапльэ Марьянэ, Джаатэжьей Темболот сымэ.

Гуапагъэр цІыхур зыгъэдахэ, зыгъэбжьыфІэ, дрэхэгъуэ кьозыт хьэл дахэщ. Ар зыхъэлтыр лъагъуГуафІэщ икІи гъэмакъКІыхьщ. Апхуэдэхэрщ дыззрыджэрэзэхъь арэхьуанэм дыпрзыбгъэлъэщыр, кьарруущІэ кьытхэзыльхьэр, ди кьэкІэнур нэхъыфІхъуну гугъэ кьыдэзытыр. Ахэращ мы дунейри зэтезыныгъэр. Абы папщІи куэд ухуейкъым - цІыхур фІыуэ лъагъун, ар кьыбгурыІуэн хуейуэ аркъудейщ.

АЩХЪУЭТ Владимир.
Тэрч къалэ.

● Бжыгъэхэр

КъадІуэхэмрэ кІуэжхэмрэ ятеухуауэ

ЗэрызэхсачкІэ, ди щІы-пІэм куэду къоІэпхъуэ азербайджан, ермэлы, узбек, нэгъуэщІ лъэпкъ хэм щыщхэр. Сыт абыхэм ди республикэр хэщІапІэ щІащІыр? Дэ езым лэжьапІэ дгъуэтыркъым. Гъэ блэкІам, мы гъэм нэгъуэщІ гъэпкъуэу дежь дапщэ къэІэпхъуауэ пІэрэ? Адыгэ хэкІэхэр щыщІу къэзгъэзэжащ лъэпощхьэпо куэд хуэзэу жаІэри, ар пэж?

А Іуэжр бзыщІауэ щытын хуейкъым. СызыщІэупщІам и жэуап кьытеВдзэмэ, си мызакъуэу, куэдым я гуапэ хьунт.

КУЭШМЭН Залым.
Налшык къалэ.

Редакцэм кьыбгъэдэкІыу. Фигу кьэдгъэкІыжыну дыдэкІыт мазаем и 10-м кьыдэкІа «Адыгэ псалъэ» газетым зэрытетар Куэшмэн Залым зыщІэупщІэм и гугъу щыгщІ тхыгъэ - УФ-м и миграционнэ Іуэхущапім и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Джэш Вячеслав и интервью.

Абы зэрэкІамкІэ, республикэм ис адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм кьахэтІысхьэжьну хуейкэм пэрыуэ ямыІэу я Іуэ хур хабзэм тету зэфІагъэкІ.

Мыдрейуэ, нэгъабэ республикэм икІамрэ я кьихьамрэ я интервьюм кьхьэзэрыщІ иджыри зэ тыдодзэж, Іуэхум и пэжкІыпІэ фщІэн папщІэ.

Гъэ кІуам КъБР-м икІамрэ кьихьамрэ я бжыгъэр		
Лъэпкъхэр	ИкІар	Кьихьар
Урысхэр	3305	1316
Адыгэхэр	818	283
Балъкъэрхэр	287	81
Шэрдэжэсхэр	77	10
Адыгейхэр	92	25
Осетинхэр	166	36
Ингушхэр	59	19
Шэпсынхэр	74	44
Украинхэр	166	28
Курджыхэр	8	9
Ермэлыхэр	115	54
Азербайджанхэр	69	16
Нэмыцхэр	59	15
Тыркухэр	115	131
Корейхэр	93	54
Цыджанхэр	35	16
Тэтэрхэр	98	21
Белорусхэр	10	3
Журтхэр	114	38
Дагъыстэнхэр	90	19
Алыджхэр	4	10
Болгархэр	2	5
Чувашхэр	10	4

● УпщІэ - жэуап

Зыгуэр иращІэну?

ПщІэ зыхуэтщ! «Адыгэ псалъэм» и редакцэ!

Я́пэу сынатхэу аращи, сыныводлъэу, сыкъэвмыгъэщІэхъуу си упщІэм и жэуап кьыІэхутеІцэну. Мыхъ-мытІэу телевизорымкІэ зэхэсхащ гъэгуэхэр зэгъэзэхуэжьныкъым трагъэкІуэ зэну Урысейм ахъшэшхуэ кьыхэрируТыпщар. Абы щыщІу ди республикэм кьыльысыр дапщэу пІэрэ?

А Іуэхуэм и пэжыпІэр сщІэну сыщІыхуэрэ щІэ. Шоферу солажьэрэ, гъуэгуэр зыхуэдэм фІы дыдэу сыщыгъуазэщ. Машинэр мыкьутэу махуитІ-щы дэкІыркъым. Налшык къалэр кьащтэмэ, уэрам нэхъыщхьэхэр мыхьумэ, мыдрейхэм я нэхьыбэр хьэлэчащ.

КъэсщІэну сыхуейт: ярэби, ди гъуэгуэхэм елэжьын щыщІадзэнхур дапщэщ?

ДЫЩЭКІ Хьэмид.
Налшык къалэ.

Ре дакцэм кьыбгъэдэкІыу

ДышэкІыр зышІэупщІэм жэуап ныреригъэтыну дэ зыхуэдгъэзащ гъуэгум шынагъуэ кьыщымыгъэхъунымкІэ, ар тэмэму зехьэнымкІэ кьалэ адміністрацэм и унафэщІым и кьуэдэ Узденов Ахьмэ т.

- Гъуэгур зыхуей хуэгъэзэным, щынэм текІуэдэн хуейуэ щыпІэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 35-рэ кьыхуауэтыпащІ, кьалэ уэрамхэу Кабардинкэр, Профсоюзнэр, Комаровым, Калюжнэм, Тэрчокъуэм, Кьэныкъуейм я щІэкІэ щыІэ уэрамхэр зехуей хуэдгъэзащ. А лэжьыгъэм адэкІи пытщэнущ, - кьыджкІащ абы.

● Иджырей хьэгъуэлІыгъуэкэр

Ар сыткІэ нэхъыфІ?

Адыгэ хьэгъуэлІыгъуэ нэхъэрэ нэхъ дахэрэ нэхъ нэгуэшыжьу екІуэкІрэ дэнэ щыІэт?! Нэчыхьытх, щыгъынхьык, унэишэ, щауэишыж. А псори Іэтауэ, Іэгуауэ инрэ макъамэ дахэрэ щІэту екІуэкІыт.

АТІэ иджы-ца? Иджы шхапІэ лъапІэкэр къащхэри абы щызэфІагъэкІ. Сыт ар нобэ куэдым нэхъ кьыщІащтэр? Си щхьэкІэ, кьызгурыІуэркъым. Кьызэхуэсахэр стІол уэздахэм бгъэдэтІысхьэри, благъэщІэр хэтми кьыпхуэщІэрэкъым. НысащІэмрэ зыщІашамрэ кьэфэри утыкум итщ. Мыдрейхэр ину Іэгу яхуоуэ. Ярэби, а тІур къэмыфэнкІэ Іэмалнышэу пІэрэ?!

Апхуэдэ «ресторан хьэгъуэлІыгъуэм» сратъэбгъэщащ сэ мызэ-мытІэу. Хабзи бзыпхъи щымыІэу, зэрызохьэри зэхэтщ.

Мы махуэхэм ди гъунэгъуи и хьэгъуэлІыгъуэри рестораным щищІащ. ТІууэ зэтет уэ дэгъуэрэ пщІэтІэшхуэрэ иІэ пэтми, хьэгъуэлІыгъуэр хамэ уэ щригъэкІуэкІмэ, нэхъ кьищІащ.

Хьэблэм щыщу зыми кьыдэджакъым. Ар сигу кьеуэу аракъым. Іуэхуэ нысащІэ кьашам хьэблэр зэримыщІыхуращ. Ар щІалэщ, а хьэблэм игъащІэкІэ щыпсэнущ. АТІэ, хуеинукъэ ар гъунэгъу?

Адыгэм кьыдекІуэкІа хабзэм щІэуэ зыгуэр зэрыхалъхьэным кьуэд хущІокъу, хьунт ар нэхъыфІыкъ пхуэщІынумэ. Ауэ хьэлэтхъэ, жыпІэу зэхэуымыгъэзэрыхьэм, нэхъыфІыр аракъэ?!

Кьебгъэблагъэхэр псори зэуэ зыщІэхуэн уна уимыІэмэ, пщыхьэщхьитІ-цыкІэ хэзгъакІуи зэфІэкІакъэ? Апхуэдизэ махуэкІэ хьэгъуэлІыгъуэм зезымыгъэлІэлІэнэхэри, абы хуэщхьэхэри щІэщи, Іуэхуэр аращ. Зи ныбжь нэса уи быным щхьэхуэсэ игуэтэри, и гуфІэгъуэ пІъэгъуащ. Илъэс 20-м щІигъкІэ узыпэплъэ гуфІэгъуэм уи жей и щІэныкъуэмэ, ерысыжь куэд упщафІэм хуей хъуми, хьэгъуэлІыгъуэ нэхъым зэхэхьыжьи хуейм махуитІ-щы уеІІалІэми, ар щхьэ кьохьэлъэжьыкІи хуейІ? Ар гуфІэгъуэщІ, щыгуфІэгъуэкІэ абы ехьэлІа псоми гукъыдэж кьуитынчущ.

Сэри ныситІ кьэсащІ, пэш щІыкІуищ фІэкІа симыІэу. Ерыскъыуэ зыхуейри зыхуэныкъуэри сльагъэу, си унэм щезгъэкІуэкІыжащ. ХьэщІэхэри псори зэуэ кьэмыкІуэу гъэрыгъуэуэр кьеблэгъащ. ХьэгъуэлІыгъуэм иращІэкІыу зы хабзи кьэдгъэнакъым. Ар нэхъ тэмэмуи кьызолъытэ.

КУЭШМЭН Сэкинат.
Налшык къалэ.

Іэщ1ыб дывмыгъэщІ

Ди адыгэ фащэм дахагъэкІэ кьыпэхъун щыІэу сэ сщІэркъым. ЩыІэу щытамэ, дуней псом ар цІэрыІуэ щыхъунтэкъым. А бы бзаныхъугъэр зэриГъэбжьыфІэр ди лъэпкІуэхэр утыку кьихьа иужькІэ долъагъу.

АтІэ ар къэбгъанэу нэгъуэщІым и фащэм щхьэ удихьэхьын хуей? Зи гугъу сщІыр щащэкІэ хъыджкэз щыкІуэм зэдыщІэкІыу щатІагъэ бостей хужьырщ.

ЕЗЫР ДАРИЙРЭ дыщэ уагъэ дахэкІэ хэзыгъэкІуэ... Абы и дахагъэм и гугъу сщІыну кьеъгъажьэмэ, кІыхь хьунщ. Ар псоми дольагъу, дощІэ.

Мы махуэ гъунэгъуэм хьэгъуэлІыгъуэ гъэрым сыщыІати, псоми гуапэ ящІихьэт нысащІэ щыІэм кьыщІэкІынкъым. А зыщІыгъыр. Ар зэрыдахэм нэхърэ нэхъ дахэж ищІат. АпхуэдизкІэ ар екІури, псори хьэщІыкъ дыхуэхъуауэ деплтырт.

Щхьэгъусэ зыгъуэт хъыджкэз щыкІур а маХуэм ельэлеяуэ дахэу щытын хуейщ. Сыту куэд яфІэкІуэдрэ абыхэм ди фащэр лъэныкъуэ зэрыраГъэзымкІэ. Иджыри зэ кьытеГъэзэжынщи, сыт хуэдизу ди адыгэ хъыджкэз щыкІуэхэр зэмыгугъуми, ди фащэм хуэдизу дахэ ахэр нэгъуэщІ фащэм щІэхъуакІыжрэ, абы хуэщхьэхэрэ щІэщи, Іуэхуэр аращ. Зи ныбжь нэса уи быным щхьэхуэсэ игуэтэри, и гуфІэгъуэ пІъэгъуащ. Илъэс 20-м щІигъкІэ узыпэплъэ гуфІэгъуэм уи жей и щІэныкъуэмэ, ерысыжь куэд упщафІэм хуей хъуми, хьэгъуэлІыгъуэ нэхъым зэхэхьыжьи хуейм махуитІ-щы уеІІалІэми, ар щхьэ кьохьэлъэжьыкІи хуейІ? Ар гуфІэгъуэщІ, щыгуфІэгъуэкІэ абы ехьэлІа псоми гукъыдэж кьуитынчущ.

Сэри ныситІ кьэсащІ, пэш щІыкІуищ фІэкІа

КЪУМЫКЪУСюзанна.
Бахчэсэн район.

Жылэдэс псом ящІэрт ди анэм. Молэ Бабыщ Пагуэ и пхъум, и Іэкъуэлакъуагъэмрэ и Іэпщэльапщагъэмрэ зыхуэдизыр. Абы и пщэфІэкІэр хьэблэми Іыхьлыми я щапхьэт ;

Анэ

Сышхэну сытІысхуу сигу кьоиІ ди анэм ищІа пІастэ, мэрамысэ, щІакхэрэ, хьэлу, хьэлэмэ, хьырщыш, щакхъуэ зэтеупІэщыкІыр.

Гурыхьу гъэшым кьыхищІыкІырт кхъуей плъыжь гъэгуа, кІурт, жэмыкуэ, тхъущІэж, тхъу гъэвжа, кхъуей шыпс, шкІэрышэ.

Ди щІэщыгъуэу диГъэшкъырт кІэртІоф гъэва, кІэртІоф гъэжьа, кІэртІоф лэпс, кІэртІоф жьэрыкуей, кІэртІоф пІастэ, кІэртІоф шыпс.

ХадэхэкІым щышу тхуапщэфІырт кьэб гъэва, кьэб гъэжьа, кьэб шыпс, кьэбыстэ фІэІу, кьэбыстэ лэпс, нащэ, помидор фІэІу.

ТепЬыджэу ди анэм и Іэпэм кьыпыкІырт бухъэр пыІэ, упщІэ пыІэ, цей, бэльто, джанэ, гъэзэнщэж, джэлэфей, кІагъэ дыта, бостей...

Ауэ ди анэм и Іэпэм кьыпыкІырт ди ныбжьыр, щІэныкъуэ, Іэльэ, пщэдэлъ, лъей, гуэнщэрыкъ, вакъэ зэщІэда, упщІэ вакъэ ищІырт.

МастэпэкІэ абы хуэдэ дэрбзэр унгъэльыхьэнт. И нэр жант ПтулькІэм е шейщІэ ящІ из фэтхъуджэн кьигъуэтэмэ, абы бжьхэуу шыхьа е хьыдан псыгъуэ кІапэ хилъхьэрти, арат жэщым ди уэздыгъэр. Зэрыдзэрэ, зэрыбзэрэ, зэрыкъкьщІэрэ, зэрытхъэщІэрэ, зэрыдыкъэрэ, зэрыщафІэрэ я уэздыгъэнафэрт.

Анэм и нэгум унэр кьинтэнэжу, и гум дигъэхуабэу, и Іэр ди Іэпэнщ1эльыну дыкьынтэхьуащ си щыпхьэнтІри сэри.

Анэм и гуфІэгъэшхуэт и бынкэр тхьылъым, щІэныгъэм зыхуэкІыжьыр. Абы жиІэрт: «Сыту насыпышхуэу кьыщыхьэнт фи адэм иджыпсту фыкьыльэтэрэ? Сэри си натІэм кьыртхэр арати, си кІэтІийр си вакъэпсу фыспІащ, зеиншэ фысщІакьым».

Ар тІэкІу гупсысэрти, адэмІэ кьышІигъурт: «Сэри латиныбзэкІэ седжэфу, сытхэфу сесат. Фи адэрэ нэхъ еджакъэм хабжэрт».

Ди анэр бынкІэ гумыгІу эт. Щыри - си шыпхьуэ Данизэт, Нуржан, сэ - дыззэхуигъадэрт, зэрыхуэзэфІэкІкІэ. Ауэ сэ зыгуэрым дагъуэ кьыхсхуищу фІэфІтэкьым: «КхъыІ, щІалэ зэкъуэм апхуэдизу фытемыгуплІэ» жиІэрти елъэІурт.

Анэр апхуэдэу кьысщхьэщьжу кьыпфІэщІми, пэжьыращи, зыри сщхьэщихьыртэкьым. ГъащІэм сыхуригъаджэр т Псори мамырыжа нэужь, сэ кьызэуэщІрт, цІыхум ІэфІу сахущытыну. Унэм сыщщІэжІкІри, сызДжэкІуэри, сыкьыщыкІуэжьынури зригъащІэрт. ТІэкІу сыкьэгъувамэ «Сытэ ку зэрэ укъэ та? Тхьэ сыбгъэзгуэввамэ», - жиІэ у льэ эным хуэдэу кьыспсежьрт.

Сэ сщІэжьркъым зы шхынгъуэ щыІэу си анэм сигъэшхауэ. Сыт хуэдэ ерыскъыри анэм и Іэм берычэт щІэхъукІырт икІи ар Іэнэм т еэу кьыпщІхьэрт.

Анэм ипщэфІым е эым хишъыкІыр мащІэт. И гур ди дежкІэ щыІэ эзпІтт. Си цІэр жиІэу къэджкІамэ, езыр щІэкІыртри, жэуап яритыжьрт. Апхуэдэ кьыкъ хуэсакьырт.

Илъэс 80-м щІигъкІэ щІэщІауэ зыхьа ди анэр яфІэтелъыджкэу узынщащ, гугъэмрэ хьуэпсапІэмрэ уэ кьыбгъэдамыгъэхьэу кьыпфІэщІырт.

Иужьрей илъэсым кьеуэлІа узыфэм ар пэлъащакьым. Жейр фІэкІуэдырти, жэщи маХуи щысыну фІэкІа пІэм хэзагъэртэкьым. ГъунэгъуХэр, Іыхьлых эр, ныбжьэгъуэхэр, колхозым кьыщыдэлэжьакъэр зэрыпсэур зриГъащІэу, кьыщІэупщІэхэм фІыщІэ ягъэджэжу кьиеКуэжащ.

1989 гъэм, гъатхэм и щІэрэщІэгъуэу ду-нейм зыщихуапэм, ди анэр дунейм екьыжащ.

Сэ щэч кьытесхьэркъым а зэманым щыІа анэ псори си анэ Іьапім ещхьу зэрыщІатам. Сыхуейт мы си тхыгъэм кьеджэ дэтхэнэ зыми и анэр дунейм темытыкьми, е псэумэ нэхъыфІыжщІи, кьэзылъхуам кьыхуиІа Іьагъунытъэр игу кьигъэкІыжьну, абы и гуапагъэм кьыпэхуэн зэрыщымыІэм иджыри зэ егупсысжьну.

МОЛЭ СультІан.
Кьулькъужьин Ипщэ.

● Щапхьэ

Дадэ Іумахуэ

АЩХЪУЭТ Алий и ныбжьыр илъэс 16-м итУ Курп Ипщэ хуэжэм а зэманым щызэхэта «40 лет Октября» колхозым пэмкІэн щащІидзаш Губгъуэм итУ, трактористхэм Іэпыдзпльэпыдз яхуэхъуу лажьэуРэ, Тэрч военкоматым и унафэкІэ Тырныауэ дэт ФЗО-м щеджэну ягьакІуэ. Ухуаиуэ ІэщІагъэ зрегъэуэгъуэ, а кьалэм щыІэ уХуакІуэ организацием илъэс зыбжанэкІэ щолажьэ.

Цыху жаным, псэ хьэлэмкІэ и Іэнатіэм бгъэдэтым «За трудовое отличие» медалыр кьратат, Щыхь тхьипІэр ахьшэ сауГэтрэ абы щІыгъуку.

Кьэбэрдейр Урысейм зэрыгурыхьэрэ илъэс 400 щрикъуам щыгъуэ, Налшык къыщызэрагъэпэщащэу щыта Щыхь пхъэбгъум Алий и суРэтри ираПхьат. Иужьк1э 1958 гъэм, щапхьэ и жьапІэ кьегъэзэжри, колхоз пэжыгъэм зретыж.

Гъэзэ фермэм и унафэщІу, бригадиру щытащ, мэл пщыІэм и мэлыхьэхуэкІи пенсэм кІуэу пэжащІ. Уеблэмэ, пенсэм кІуэ нэужьи, мытІысыжу и гуащІэ колхозым хилъхьащ. Псори зэхэту илъэс 47-кІэ пэжащ. А зэманым кьриубЫдэу абы кьэралым къыхуиГэфэщащ медалитхуэр Щыхь тхьпІу зыбжанэрэ.

Ноби дадэ жьыщхьэ махуэр кьуажэдэс щІалэгъуалэм я ущиякІуэу, пщІэ къыхущІэрэ фІыуэ кьалъагъуу, и кьэрыпхъуэ щыкІуэ-хэр и гурыфІыгъуэу мэпсэури, иджыри куэдрэ Тхьэм узынІзу ящхьэщигъэт!

ХЬЭТКЪУТ Сэфарбий.

● УпщІэ - жэуап

Зыгуэр иращІэну?

ПщІэ зыхуэтщ! «Адыгэ псалъэм» и редакцэ!

Я́пэу сынатхэу аращи, сыныводлъэу, сыкьэвмыгъэщІэхъуу си упщІэм и жэуап кьыІэхутеІцэну. Мыхъ-мытІэу телевизорымкІэ зэхэсхащ гъэгуэхэр зэгъэзэхуэжьныкъым трагъэкІуэ зэну Урысейм ахъшэшхуэ кьыхэрируТыпщар. Абы щыщІу ди республикэм кьыльысыр дапщэу

Уэрэджы1ак1уэ къудей1къым

● Щэнхабзэ

Иджыблагъэ Налшык дэт Музыкэ театрым щек1уэк1ащ Осетие Ипшэ, Ингушыр республик1эхэм щ1ыхь зи1э и артистк1э, Творчествем1к1э дунейпсо академием и академик Кърым Ирин э и концерт.

ИРИНЭ и эрэк1ым, ахъ1ыр къыз1эрыщы1ахъуам тыдогъэпсэтыхь композитор **Хь1упэ Джэбрэ1ил**.

- Мы гъэр къыз1эрихьэрэ концерт зыбжанэ ек1уэк1ащ. Абы1уэм ящы1ыуи закъыз1ащ1ахъуэ ящы1ыуи, ауэ ар режиссерыращ зи ц1ыуагъэ нэхъыщхьэу сэ къэслышэр. Къыхэбгъэщ1э, игъэзащ1э уэрэдым е1ы1ат1э Ирин э адыгэ фащэ щ1эгъэт1эгъэнт. Ит1анэ, Ирин эк1э уэрэдэм мымащ1эу хэтщ зи псалъэхэр сиГу ириимыхьхэр. Макъамэмрэ псалъэ щ1эгъэымрэ щы1эщы1ахьэм дежщ уэрэдыр нэГъэса щы1хьр.

Си гуапэу зы Іуэхугъэм кыхэзгъэщынут. Сэ Ирин э жес1ауэ щы1атщ псалъэр гурыІуэгъэуэу къызыжьдигъэк1ынэ. Концертыр зэхэщ1ыдзэу ап э дыдэу нап1эгъэгъэщ1ауэ сызэдэ1уэ арати, хуабжьу си гуапэ хъуащ а ч1эндж1эщ1ыр зэрызэжищы1ар. Абы ф1ык1ыр Ирин э и талантым ыстым дежи зэрыхъ1ахъуэрщ, ныбжьк1эгъуэм я жы1эм зэредаГуэрщ.

Зы пшыхь си гур щызу зыщы1эгъэпсэхуам, Ирин эфр е1уэнэсщ. Дзп1эк1и апхуэдэ уэрэд куэд иригъэтхынкъ зэф1эк1 и1эщи, къехъу1эну си гуапэщ. Тхъэм хущ1ыгъэхь.

ИСТЕПАН Залинэ.

Зи Іэнат1эм хьэлэлу бгъэдэтхэр

● Фы щ1э

Ижь-ижьыж льандэрэ ди лъэпк1ъхэм къадек1уэк1 псалъэжь Іуэхэм ящыщ «Емыш мэшыбэ ещ1э», «Щ1ыхъуи уасэри лжьыгъэрш», «Эщ1агъэ зи1эм Іужь и1эш» жыхуи1эхэр. Абыхэм я кушд1э нэхъыщхьэ щ1ыхьыр сызым къызрилужьыжьырщ, псэмыбл1эжу, пэ жанэрэ жэуапыльнагъэр зыхимщ1эу Іэнат1эр дзэпхъэ щ1ыхэр зэрыщ1ыф1ырщ, абы щ1ап1эхуа зэрыхуэфащэр. Апхуэдэхэр ди тхыгъэ к1эщ1ымк1э фэдэ щ1ыхьэм Іэщ1агъэ1 и1эхэр.

ИДЖЫБЛАГЪЭ дэ дыщ1эльащ гум щ1е1эуэ Дубки хьэблэм щ1ы1э сымаджэщым. Ап э махуэм къыщыщ1эдзауэ дэ зыхэупщащ зи Іэмыщ1э дихуахэр щ1ыху Іэщ1абэхэу, зи Іэщ1агъэм ф1ы дыдэу хэзыщ1ык1эу зэрыщ1ытыр, ар дохутыр, медсестра, санитар е и гъэ1ущ1 л1эжьак1уэ ирехъу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри сымаджэхэм хэзнабдзэгубдзапльэщ, хуэгугъабзэ, узыр кыз1эЗм хуэтэмакъ1ыхыщ. Дауи, сыт хуэдэ Іуэхущап1эми и дэжьыгъэр зэрыз1этеуэр щ1ык1эяпэу зы1эдэ1уэ арати, хуабжьу си гуапэ хъуащ а ч1эндж1эщ1ыр зэрызэжищы1ар. Абы ф1ык1ыр Ирин э и талантым ыстым дежи зэрыхъ1ахъуэрщ, ныбжьк1эгъуэм я жы1эм зэредаГуэрщ.

Зы пшыхь си гур щызу зыщы1эгъэпсэхуам, Ирин э е1уэнэсщ. Дзп1эк1и апхуэдэ уэрэд куэд иригъэтхынкъ зэф1эк1 и1эщи, къехъу1эну си гуапэщ. Тхъэм хущ1ыгъэхь.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сабий творчествэмк1э «Эрудит» центрыр Налшык и Искож хьэблэм къызэрыщыз1эуахрэ зэман куэд дэмык1ами, абы и ц1эр ф1ык1э Іуащ. Ныбжьыщ1э 80-м нэс ик1уал1э мы центрым ик1и дэтхэнэ зыми дэзыхьэх предмет е Іэщ1агъэ и ц1ыныгъэр ф1гъуэт.

● Іуэху зехьэк1э

«ЭРУДИТЫМ » и унафэщ1ым и къудзэ Щоджэн Ларисэ зэрыжи1эмк1э, идкыпсту мыбы ек1уал1э ныбжьыщ1эхэм яныкъуэхэм курыт еджап1эм щ1ыдж щ1ы1агъэбдзэж, адрей1хэми еджап1э нэхъыщхьэхэм зэрыщІэтІысхьэнум зыщ1ыхуагъэхьэзыр.

- Сабий творчествэмк1э центрым щызэф1этх лэжьыгъэм ехъу1ля1ныгъэф1эхэр к1арик1ыщ. Псалъэм папщ1э, еджак1уэхэм я зэпеуэхэу республикэм, к1ал эм щек1уэк1ахэм ди гъэсэнхэм увыпл1эф1хэр къыщ1ахьу, саугъэтхэр къыщыуагъэфащэу щытщ, - жеі э абы. - Идкыбл1агъэ щ1ыдыхэр хэтащ «Акыльф1ыхэр» зэпеуэм ик1и абы и саугъэт к1ратащ.

Апхуэдэу центрым гупжьей зэмыл1эужьыгъэхэр щ1ылажьэ. Ныбжьыщ1эхэр дихьэхыу ик1уал1э л1эпэкъ къафэм, дэкІэ-бзэк1эм, сурэт щыным, ш1ыкъ зэмыт джэгуным зыщ1ыхуагъэсэ дерс хьэлэмэтэм, Къызэ1уахагъэщ1эщ мыв э, пхъэ хуэдэхэм художенственнэу щ1елэжь гупжьейхэр. Ныбжьыщ1эхэр я Іэдакъэщ1эк1эмк1э зэпоуэ, я зэф1эк1эхэр зэхьэщ1ы зэхуэмыдэхэм щагъэпльагъуэ.

Гъэ е дж эгъуэгуф ик1ами, «Эрудитым» л1эжьыгъэр щызэпІуэрк1ым. Я щІэныгъэм зэрыщ1ыхагъахъуэм, Іэпщ1ельапщ1агъэ зэхуэмыдэхэм зэрыщ1ыхурагъаІэм ф1ыдэ зэрыщ1ыгъэхэм я зэманыр хьэлэмэту яг1ак1уэ, я щ1ыдэ зыщ1эпъ ерыскъык1э яг1ашхэ.

ТАМБИЙЛинэ.

Ды щІалэхэм дзэм к1уалык1у щащІэ

● Ды щІалэхэм дзэм к1уалык1у щащІэ

К1ъралы и хъумак1уэ нэс

Ильэс кьэс ди республик1эм щыщ щІалэ куэд армэм радж. Дэтхэнэ зы адзанэм и дежк1и хьэлэщ и быныр щыпІэ жыжьэм зэман к1ыхьк1э щыІэныр, ауэ абы теухуа хьыбарыф1хэр к1ащыІэрыхьэк1э, я гъэ зегьэпсэху, я лъэр жан ещ1.

МАЗЭ бжыгъэ кьэнэжаауэ аращ Мэремкъуэ Ленэ и к1ыутхум я нэхъыщІэр армэм к1ыик1ыжьыным. Батыр и дзэ к1ыулык1ыр Къуэк1ыпІэ Жыжьэм щрех1эк1. ЩІалэм щапхьэ дахэ к1ыгъэльагъэу, зыхэт гупым я гум дыхьэу, жэуапльныгъэ хэльу зэрыщ1ытым и щ1ыхэтщ абы и унафэщ1хэмрэ к1ыулык1ыу к1ыдэзыщІэхэмрэ пщ1э к1ыыз эрыхуащІыр. И Іэнат1эр гугъэзагъэу зэрырихьэк1ым папщ1э, абы сержант нэхъыщ1э щІэр к1ыхуагъэфэщаеу и отделенэм хэт сэлэтхэр зауэм и сут хуэдэ щытык1эми хуегъэхьэзыр, к1эралым и дзэ обьектхэр зэрахьэмэжми щыгъуэзэ ещ1. Батыр и гупым хэт сэлэтхэм я к1ьалэнхэр ф1ыуэ зэрагъэзащІэм папщ1э блын газетхэм к1ыгтрадзэ. ЩІалэхэм щапхьэф1 к1ыезэрагъэльагъэуэр нэхьыбэу зи ф1ыщІэр отделенэм и командир Мэремкъуэлырщ.

Апхуэдэу псэемыбл1эжу, щхьэх имыщІэу и к1ылык1уэ зэрырихьэк1ым щхьэк1э Мэремкъуэлым ф1ыщІэ тхыльэ зыбжанэ к1ратащ, частым и командирхэм зыгъэльдэжІыну и щІалэр къызэрыригъэблэгъэжынум иджы щыщІэдзауэ зыхуеГъэхьэзыр Ленэ.

МЭРЕМКЪУЛ Лнуан,
дзэм к1ыхьэк1ыжа, ВВС-м и офицер нэхъыщхьэ.

«Эль-Фа» тхыльэ телаанІэм къыщыдк1ащ тхак1уэ, драматург Іут1ыж Борис и тхыльыщІэ, «Трагедиехэр» зыф1ищ тхыльым ихуащ «Іыгъэтау», «Дамэлей», «Куцыкунщ» пьесэхэр.

- Мы тхылъым ихуа пьесищыр сыт и лъэныкъэк1и сэ к1ыхьызогъэпажьк1 тхыдэр, Іуэрыіуатэр лъабжьэ зыхуэхьуа си адрей пьесхэм, - щетх псалъащхьэм Іут1ыжым. - Пэжщ, я сюжетк1и, хэт персонажхэмк1и зэпыщІакъым а пьесэхэр, ауэ хэкум епха Іуэхугъуэ нихэмк1э, гупсыс л1агъэхэмк1э зэпэджжу зэрыщытым ахэр зыгуэрк1э ирещащІэ «трилогие» ф1эщыгъэщ1эм.

Зи лъэпкъым и бл1эк1ар къызыф1Іуэху зэтхэнэ зы адыгэми тхак1уэ-драматургым и Іэ щІагъэ зригъэзэлъагъэуэ щ1ыгъэ.

ижь-ижьыжым щыщІэдзауэ XIX л1эщ1ыгъуэм и яп э Іыхьэм късыху адыгэ лъэпкъым к1ынк1уэ гъуэгуанэр. Уеблэмэ адыгэбзэм и1э щІэжьыуэ дахэ зыф1эфІ дэтхэнэ зы щІыхуэ димыльхэ1ыу къэнэнукъым Іут1ыжым, и бзэ щэрыуэм, к1ылейм. К1ыхьэгъэщІапхъэщ тхылым и теплъэр зыщІари, абы к1ыщІыхьа суэрэтхэр зи

Иджыблагъэ К1ъалмыкым и к1ыалащхьэ Элиста 1990 -1991 гъэхэм к1ал ъхуахэм я деж бэнэк1э хуитымк1э УФ-м и зэхьэзэхуэ щек1уэк1ащ. Зэпеуэм мыхьэнэшхуэ и1эт, сыт щхьэк1э жыпІэмэ, мыбы щытек1уахэр бадзэуэгъуэм Полышэм щек1уэк1ыну Европэм и чемпионатым щыбзэнэщ.

КъБР-м бэнэк1э хуитымк1э и командэ к1ыхьэхам хэту утыку к1ихьащ Ислъэмей къуажэ дэт «Вымпел» спорт клубым и гъэсэн Машэжь Расул. ЩІалэщІэр щнеиірэ УФ-м и чемпион хъуащ. Мыбии Расул апхуэдэ Іэмалыр зыщы1эщІигъэк1ак1ым - Шэшэным, Якутием, Дагъыстаным, РСО-Аланием, Бурятием я бэнэк1уэхэм ефІэк1ри, зи зы1ьагъыр килограмм 50-м нэхэм я деж УФ-м и чемпион щ1ыхъуащ. Финал зэІущІэм нэмыс щ1ык1э Машэжьыр тебІуауэ к1ьалъатащ.

УФ-м бэнэк1э хуитымк1э и командэ к1ыхьхам и тренер нэхъыжь, международнэ классым и мастер Тембот Анзор к1ыхьхиГъэщащ Расул зэхьэзэхуэхэм фІы дыдэу зыкъы1эзрыщІгъэльэгъуэр и к1ли Европэм и чемпионатым ехьулІэныгъэ щІиІэну ехуэхьуащ.

Мы махуэхэм Машэжь Расул Іущхьэмахуэ лъапэ щы1эІэщ, Европэм и чемпионатым зыхуеГъэхьэзырри.

Мы махуэхэм Машэжь Расул Іущхьэмахуэ лъапэ щы1эІэщ, Европэм и чемпионатым зыхуеГъэхьэзырри.

БЛИЙ Даянэ.

Тхы ъыщІэхэр

● Тхы ъыщІэхэр

Тхак1уэм к1ыхигъэпажьк1 тхыгъэхэр

Іэдакъэщ1эк1ри езы тхак1уэр арауэ зэрыщытыр.

Іут1ыж Борис и тхылъыр зы1эрызыгъхьэну хуейхэм ар к1ыщагъэутыныщ Налшык и мыпхуэдэ щІыпІэхэм: «Тхылъым и унэм» (Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым тет 10-ий унэм), Байсултановым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет «Бункинист» тыкуэным, Толстойм и цІэк1э щы1э уэрамым тет тхылъ щапІэм (бэзэр дыхьэпІэм деж), Хьураным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 1-нэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 6-нэ, Нэгуэмэ и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 6-нэ (КъБКъУ-м и гъунэгъуу) унэхэм хэт тхылъ щапІэхэм.

БЛИЙ Даянэ.

Юбилейм подхэж

Дунейм къытехьащ «Кавказ Ищхьэрэм и гееалогие» журналым и зи чэзу (епщы к1ыублапІэ) кыдэкІыгъуэр. Абы ихуа тхыгъэхэр подхэж мыгувэу ди республикэм щагъэрэпІэну махуэщхьэм - Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым ф1эфІу Урысейм зэрыхьхьэрэ нЪъэс 450-рэ щрикъум.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ , журналым дыкъыщодхэ Лобанов-Ростовскэ А., дзэпщ зэчинфІэкъэ, уэрк1ыщэрыІуэхэр Черкасскэхэм, нэГъэщІэхэми я къек1уэк1ыкІам теухуа тхыгъэхэм. Абыхэм ящыщу нэхъ удэзыхьхьыр Черкасскэ Дмитрий и уэрэрыщ, уэрэс-адыгэ зэхущытык1эхэм я тхыдэм пыщІа къжэтыныгъэхэрщ.

Ц1ы зыштапхъэщ журналым Щауэ лъэпкъым и дамыгъэр, а лъэпкъым щыщу ди республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыпсэуэхэм я зэпыщІэныгъэф1кэр удихьэхыу к1ыІэзэригъэльагъуэр.

Журналым къытехуащ щІэныгъэлІ зыбжанэм иужьрей зэманым ягъэхьэзыра тхыгъэщІэхэри.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

Гъунапкъэхэм хуосакъ

● КъБР-м и МВД-м

Къэрал к1ыуэ Іуэхуэхэмк1э министерствэ КъБР-м щы1эм щек1уэк1а зэІущІэм, республикэм и къэрал гъунапкъэхэр зэрахьэмэ теухуауэ щытам, хэтащ Щэджэн Лъэпкъыуэ, Іущхьэмахуэ, Брч РОВ Д-хэм я унафэщІэу КІэрэф Борис, Джэдмыс Руслан, Тепшеев Аптиу, Хьэпажэ Вимур сымэ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ я псалъэмакъым къызэрыхагъэщамк1э, республикэм и гъунапкъэхэр хъумэныр тэмэму кьызэрэпэщащ, Кърымрэ КъБР-мрэ я къэрал гъунапкъэм я нэІэ тетыр республикэм щы1э пограничник гупым. Абыхэм ящыІыгъу к1ылыкІу яІущ щІыпІэм щыщ щІыху 24-м.

Іугъуехь нэхъыбэ зыпыщІахэм ящыщу к1ыхьагъэщхьэхыІаш Осетие Ищхьэрэ - Алание Р республикэм деки1эк1 административнэ гъунапкъэр. КІэрэф Борис кьызэригъэльагъэуэмк1э, ипэсэр щ1ыхьэрэ щащІ. Щэджэн районым и мэхъэм Іу пльэкІыр щ1ыхьэрэ щапщІ транспорт мин 70, пасажиру мин 90, щІыхуи 6, к1ьалъ1ыхьуэ автомашинэу 80 яубыдащ. Наркотик1эхэр пІэ, Іэщ1эхэр П1эу к1ыытращ.

Хабзэм къемы1эгъэщІ зы1эщІэ-зыуэзда гупэм я хэщІапІэхэр зыщІ1ыхьэн папщІэ ОМОН-м, ППС-м я лъэжьак1уэхэр хэту к1ыызэрагъэпэща гуп щхьэхуэм Щэджэн районым щІэ аузхэр псорн щІищьк1ащ. А лъэжьыгъэм и пэк1э, аузр щетІыгъэсэхыну зыхуагъэфащэу щыта бгъэунщІагъ1тІым иджыри 2 к1ьаэхъуащ. Аузу абыхэм щІыху щы1ауэ ІуэхуІ гурэн к1ьахутак1ым. К1эрэфым к1ыызэрыхгъэщащІ. Щэджэн районым и мэхъэм Іу пльэмытэу щІыху гуп гурэрым зыщІигъэщІыкІфыну Іэмал щІэнэкІым.

ЗэІущІэм апхуэдэуи гулыытэ щІыхуащІ республикэм и зыгъэнсэхуп1эхэрэ сабий лагерэмрэ, гъэмахуэ зыхуп1эхэм щынагъэнщІагъэр къызэрыщІэзэрагъэпэщам.

ЭЭРДОКЪУЭ Женя.

Жамборэ Щэуал и фэеплъу

● Зэпеуэ

Иджыблагъэ РОСТО-ДОСААФ-м и республикэ тирым щек1уэк1ащ нэщанэ еуэнымк1э зэхьэзэхуэ. Хэку зауэщ1ахэм л1ыхъужьыгъэ щІызэзыхьа снайпер Жамборэ Щэуал Исуф и къуэм и фэеплъ а зэпеуэм хэтащ КъБР-м и къалэхэмрэ районхэмрэ я командэ 17, школак1уэрэ балигъыщ1ыхуи 100 къызэщІауэ щыІэ.

ЗЭПЕУЭМ щИдзэн и пэ къиухуэу, ар фэеплъ зыхуащІа сэлэт хахуэм и къеІуэк1ыкІамрэ зауэм щызэрихьа л1ыгъэмрэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Къэхъуэт дэт к1урыт еджапІэ №2-м и ешІэжакІуэ Гулэжьм Беслъэн.

Жамборэ Щэуал дзэм ираджащ 1939 гъэм ик1и и лъахэгъуитІ щІыгъуу къалэнхэр щрихьэк1ащ 10-нэ гвардие дивизэм и Бэракъп1ъыжьыбзехь фочауэ полкым. Сержант нэхъыжь, снайперхэм я отделенэм и унафэщІ Жамборэр щызэуащ Карельскэ псыдыхьэм деж. Зауэм и пэ къыхуэуу абы къыхуагъэфэщащ фашист 25-рэ щызэтриук1ам, ет1уанэр къырик1уащ бий 75-рэ зэрыхигъэщІам. Жамборэ Щэуал топышэ къутахуэ къыптехуэри 1944 гъэм накъыгъэм и 9-м хэк1уэдащ. Ар щыщІалъхьащ Финляндие гъунапкъэм деж щы1э 324-нэ л1агаП1эм и лъапэм. Л1ыхъужьым и ц1эр ф1ащащ Нарткъалэ, Къэхъуэн я узрамхэм.

Зэхьэзэхуэм яп э увыпІэр къыщихьащ Жамборэ лъэпкъым я ц1эк1э зыкъэзыгъэльагъуэ, Къэхъуэн дэт курыт еджапІэ № 2-м и еджак1уэхэр Бозий Миланэ, УнащІэ Аслъэн, Алботхэ Рустэмрэ Черимрэ зыхьэта командэм. Е1уанэ, ещанэ увыпІэхэр РОСТОм и Прохладнэ, Налшык Іуэхущап1эхэм я л1ыкІуэхэм щІыгъэ.

Щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэм щІалэхэм я деж бжьыпІэр щІыбыдащ Къэхъуэ е1уанэ курыт школым и еджак1уэ Щомай Амир, Л1эскэн районым и л1ыкІуэхэм е1уанэ, Алботхэ Черим (Къэхъуэн къу.) ещанэ увыпІэхэр къихьащ.

Пшащэхэм я деж яп э, е1уанэ щыхъуахэщ Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэм к1ыкІаІэр. Къэхъуэн курыт еджапІэм и л1ыкІуэр ещанэ хъуащ.

Балигъхэм я зэпеуэм бжьыпІэр щ1ыбыдащ Гулэжьм Беслъэн. Е1Іуанэ увыпІэр к1ыхьащ Налшык автошколым и унафэщІ Шыхъуэбахъуэ Владимир. Зэхьэзэхуэм к1ырихьэлІаІэхэм, ар къызэзэхуэрыпсэнцІэхэм ф1ыщІэ яхуищІу к1ьапсэлъащ Жамборэ Тембулэт.

Къызэгъэпэщак1уэхэм ящыщ Къэхъуэн дэт курыт еджапІэ №2-м и унафэщІ Джэтокъуэ Хьэуелэрэ РОСТО-м и унафэщІым и къудзэ МацІыхъу Хьэусенрэ зэхьэзэхуэм щытек1уэхэм ираташ кубок, Жамборэ Щэуал и сурэтыр зыстет дипломхэр, медалхэмрэ ахъщэ саугъэтхэмрэ. Зэпеуэр е1ъэк1уэк1ыныр мыл1ыкъуk1э къызэзыгъэпэщар Жамборэ лъэпкъыр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

Гъэмахуэ гукъинэж

Хабзэ зэрыхъуауэ, Дагъыстаным и еджак1уэ ц1ык1уэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и санатореэхэм, сабий лагерэхэм щагъак1уэ, я узынщагъэм щык1эльагъэплъ.

АБЫХЭМ я нэгу зыщрагъэуэжь республикэм и щІыпІэ дахэхэм, гукъинэж концертхэр къызэуэрагъэпэщ, къэуат зыщІэлъ ерыскъыкІэ яг1ашхэ.

Хасавьюрт районым социальнэ страхованэмк1э и фондым и унафэщІ Ильясов Абубэчыр иджыблагъэ зэрыжи1амк1э, мы махуэхэм КъБР-м и «Кавказ» санаторэм сабии 120-м зыщагъэпсэху, я узынщагъэр зэтрагъэуважь. Ц1ык1ухэм я гъусэщ я егъэджак1уэхэр, социальнэ дэІэпык1ыныгъэмк1э центрым и лэжьак1уэхэр, медсестрахэр.

Махуэ 21-к1э загъэпсэхымэ, мы гупыр к1уэжьынуп э абыхэм я п1эк1э я нэхъыжьыгъу ц1ык1уэхэр къэкІуащ.

БЭТОКЪУЭ Albэч.

Ды щІалэхэм дзэм к1уалык1у щащІэ

К1ъралы и хъумак1уэ нэс

Ильэс кьэс ди республик1эм щыщ щІалэ куэд армэм радж. Дэтхэнэ зы адзанэм и дежк1и хьэлэщ и быныр щыпІэ жыжьэм зэман к1ыхьк1э щыІэныр, ауэ абы теухуа хьыбарыф1хэр к1ащыІэрыхьэк1э, я гъэ зегьэпсэху, я лъэр жан ещ1.

МАЗЭ бжыгъэ кьэнэжаауэ аращ Мэремкъуэ Ленэ и к1ыутхум я нэхъыщІэр армэм к1ыик1ыжьыным. Батыр и дзэ к1ыулык1ыр Къуэк1ыпІэ Жыжьэм щрех1эк1. ЩІалэм щапхьэ дахэ к1ыгъэльагъэу, зыхэт гупым я гум дыхьэу, жэуапльныгъэ хэльу зэрыщ1ытым и щ1ыхэтщ абы и унафэщ1хэмрэ к1ыулык1ыу к1ыдэзыщІэхэмрэ пщ1э к1ыыз эрыхуащІыр. И Іэнат1эр гугъэзагъэу зэрырихьэк1ым папщ1э, абы сержант нэхъыщ1э щІэр к1ыхуагъэфэщаеу и отделенэм хэт сэлэтхэр зауэм и сут хуэдэ щытык1эми хуегъэхьэзыр, к1эралым и дзэ обьектхэр зэрахьэмэжми щыгъуэзэ ещ1. Батыр и гупым хэт сэлэтхэм я к1ьалэнхэр ф1ыуэ зэрагъэзащІэм папщ1э блын газетхэм к1ыгтрадзэ. ЩІалэхэм щапхьэф1 к1ыезэрагъэльагъэуэр нэхьыбэу зи ф1ыщІэр отделенэм и командир Мэремкъуэлырщ.

Апхуэдэу псэемыбл1эжу, щхьэх имыщІэу и к1ылык1уэ зэрырихьэк1ым щхьэк1э Мэремкъуэлым ф1ыщІэ тхыльэ зыбжанэ к1ратащ, частым и командирхэм зыгъэльдэжІыну и щІалэр къызэрыригъэблагъэжьынym иджы щыщІэдзауэ зыхуеГъэхьэзыр Ленэ.

МЭРЕМКЪУЛ Лнуан,
дзэм к1ыхьэк1ыжа, ВВС-м и офицер нэхъыщхьэ.

Рекорд яГъуэр

«Спартак-Налшыкымрэ» «Зенитымрэ» щыІэІущІагъ тІупи зэхэту топиІэ дахьэк1ри (4:3), премьер-лигэм 2007 гъэм щек1уэк1 зэхьэзэхуэм рекорд щагъуэващ.

АБЫ и пэк1э топ нэхьыбэ дыдэ щыдгагъэк1ар еханэ джэгуГуэрщ - «Амкарыпрэ» «Томымрэ» Пермь щыщІэзэдджэгуарт. А зэІущІэр 3:3-уэ иухат.

Радич нэхъыф1у къальытэ

Джэгуегъуэ к1уам премьер-лигэм и гъуащхьэмкІ нэхъыф1у къальытащ «Спартак-Налшыкым» щыщ Радич Деян.

САНКТ-ПЕТЕРБУРГ щыджэгуу «Зенитым» и футболистэм абы и гъуэм топипІ къыдагъэкІа пэтми, серф щІалэр адрейхэм ирагъэІэкІащ. Щхьэусыгъуэ - нэхъыбэжрэ ди командэр къызэрыригъэларщ.

ЦСКА-мрэ «Сатурнымрэ» я гъусэу

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм иугъэщІ стадионхэм щрагъэкІуэк1а джэгуегъуэм налшыкдзэхэр зэи щытек1уакъым; 3-м зэрытегъэк1уакъым, 5-м ф1ащэхуащ.

УИГУ ирибГъэф1ыну кьэбгъэльагъуэ хъунур зыщ - хамэ щІыпІэхэм тек1уэныгъэм и Іэфлагъэ мы гъэм щызыхищІакъым къэралым и чемпион ЦСКА-ми. ПлІэ зэрытемыгъакІуэу, щэм къыхагъэщІаеу нухащ нэгъэщІ къалэхэм щригъэк1уэк1а зэІущІэр. Хамэ стадионхэм я насып кьыщік1акъым «Сатурнми».

ТопипІыр мардэ?

Нэгъабэ Санкт-Петербург и закъуэщ ди командэм и гъуэм топипІ кьыщыдащэкІар. Мы гъэми абы кьыприсъэжащ.

ИЛЪЭС и пэк1э «Зенитым» жэуап яхуемытыжу налшыкдзэхэр 0:4-уэ кьыхагъэщІащ. Иджы «Спартак-Налшыкым» хэгъэрейхэм я гъуэм топищ дигъэкІащ. Апхуэдэуэрэ е1уэк1мэ, е1Іанэгъэ Санкт-Петербург ди щІалэхэм щрагъэк1уэк1ыну зэІущІэм щхьэк1э ущІэгъуэзэн щы1э кьыщІэкІынукъым.

Пенальтир псом яужьк1э къальысащ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэтхэм яшыщу «Спартак-Налшыкым» и закъуэт мы гъэм пенальтим хуэхсІуэ къек1уэк1ар.

МЭЗКУЩ щыдгъэ Баскаковым а хабзэр епщІыкІупІанэ джэгуГуэм щхьщІэпригъэудащ, пенальтик1э ди гъэм къыдригъэхури.

Иджы дыпэпльэнщ «Спартак-Налшыкыр» езыр пенальти щеуэнщ. Апхуэдэ Іэмал зимыІар ди щІалэхэм нэмыщІ «Амкарым» и закъуэщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Ґъуэгу насыпныщІагъэ

Щ1ахуп1 хэф1ыжьащ сым фэмы1эгъэщ1

Дыгъуасэ сыхьэти 3-рэ дакъик1ъ 55-м Налшык Лениным и проспектымрэ Къыщокъуэм и узрамымрэ я зэхък1ыпІэм деж «ЦІыхубэ тариф» таксим и «Волга»-ГАЗ-31105 автомашинэр зезыГъак1уэр BMW автомашинэм щыжьэхуащ. BMW-р идзри электрокъару зрик1Іуэ пкъом еуащ, иужьк1э щхьэпридзри кьэлыдащ. Рулым дэсым фэбжь телъу республик1э сымаджэщым яІащ, автомашинэм иса пассажирхэр хэк1уэдащ; зыр кьэтхтуэ фэбжьым ил1ыкІащ, адрейр кьэлыда мафІэм хисхащ.

БОЛЭТ Арсен.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзыр Урысейм и Журналистхэм я союзым эт **Макитов Камал Магомед и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Джамал Магомед и къуэр** зэрыл1ам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфы щІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Жылаес Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэк1э щы1э уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхугъэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмк1э - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1анІэхэм яІэлажьэмымк1э - 42-60-53; къызбарыщІэхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; етъуэджэныгъэмрэ щІэныгъэмк1э - 42-63-64, 47-32-15; эдэхэк1ыуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1анІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльык1эр этехуэ зыныу щыІыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмк1э и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымк1э жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдок1.
КъБР-м ЦІыхубэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнат1эхэмк1э и министерствэм 1905 гъэм щы1а Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэк1э щы1э уэрам, 33, телефонхэр 42-35-75.

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жылаес Замир, корректорэу Щоджэн Инир э (1,4-нэ ип.), Табыш Динар (2,3-нэ ип.) Компьютерк1э газетым и техническэ щІалэ: Щак1уэ Мадинэ, сурэтыщІ Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнат1эм щагъэхьащ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуазэр сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.289● Заказ №1955